# Къэбэрдей-Балъкъэр-100

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№108 (24.390) • 2022 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 10, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



## ЕхъулIэныгъэщIэхэр къэфхьыну

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ К. В., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iэтащхьэ ЕГОРОВЭ Т. Б. сымэ я деж***

ПщIэ зыхуэсщI Казбек Валерий и къуэ!

ПщIэ зыхуэсщI Татьянэ Борис ипхъу!

Фэри республикэм ис псоми сынывохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэу зыхуэбгъэдэн щымыIэхэр, тхыдэ-щэнхабзэ щIэин хьэлэмэтхэр и куэдщ. ЦIыхум и узыншагъэр хъумэнымкIэ зэфIэкIышхуэ зэриIэм, дунейпсо мардэ лъагэхэм къезэгъ инфраструктурэр зэ-



рыщызэтеувам къыхэкIыу республикэм и IэнатIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ туризмэр хъуфынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм хьэщIагъэрэ гуапагъэрэ яхэлъщ икIи абы и фIыгъэкIэ мы бгылъэ хэкур хьэщIэ куэдым я еблэгъапIэщ.

Урысей Федерацэм мы и субъектым производствэ IэнатIэхэм жыджэру зыщаужь, промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я IуэхущIапIэ пэрытхэм инновацэ технологиехэр щызэтоувэ, проект инхэр щагъэзащIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм гулъытэшхуэ хуащI цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, социально-экономикэ къалэн нэхъыщхьэхэр дэгъэкIыным, хьэрычэтыщIэхэм я жэрдэмхэр зэрыдаIыгъ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным.

Республикэм и цIыхухэр Хэкур гъэбыдэным икIи абы зегъэужьыным дяпэкIи ерыщу зэрытелэжьэнум шэч къытесхьэркъым.

ЕхъулIэныгъэщIэхэр къэфхьыну, мамырыгъэрэ фIыгъуэрэ фиIэну сынывохъуэхъу!

**МАТВИЕНКЭ Валентинэ**,
*УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI.*

## ЗэфIэкIышхуэ зиIэ щIыналъэ

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ К. В. и деж***

ПщIэ зыхуэсщI Казбек Валерий и къуэ! Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ сынохъуэхъу!

А махуэшхуэр республикэм и къэкIуэнум телэжьэнымкIэ къэралымрэ цIыхубэмрэ зэрызэкъуэтым, щалъхуа щIыналъэм абыхэм хуаIэ лъагъуныгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм яку пщIэшхуэ зэрыдэлъым я дамыгъэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зыпылъ и тхыдэр етIуанэ илъэсищэм хыхьащ. Нобэ ар Урысейм и щIыналъэ зызыужьщ, хьэщIагъэ зэрылъщ, социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэфIэкIышхуэ зиIэщ.



Къэбэрдей-Балъкъэрым и фIыгъуэм телэжьэнымкIэ Уэ ехъулIэныгъэщIэхэр къэпхьыну, республикэм ис псоми узыншагъэ быдэрэ фIыгъуэу щыIэм я нэхъыфIхэмрэ яIэну сынывохъуэхъу!

**НОВАК Александр**,
*Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ.*

# Нэхъ лъэщыж дохъу

**Мы махуэхэм ди щIыналъэм Iэтауэ щагъэлъапIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъур. Зы лъэпкъыжь къикIуа гъуэгуанэм еплъытмэ, ар напIэдэхьеигъуэм хуэдэщ. Ди щIыналъэм и дежкIэ а зэманыр къыщIэкIащ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъэ куэдкIэ гъэнщIа лIэщIыгъуэу. Дызыхэт къэралым советхэм я властыр щыщагъэува нэужь, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я пащхьэ къиува къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ хъуащ къэралыгъуэр ухуэным ехьэлIахэр. Лъэпкъпсо мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэм икIэщIыпIэкIэ иужь ихьауэ щытащ лъэпкъым и цIыху пэрытхэр, хэкупсэ нэсхэр.**



ДЭФТЭРХЭМ къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 1917 гъэм екIуэкIа революцэ зэщIэхъееныгъэхэм яужькIэ, а илъэс дыдэм къызэрагъэпэщауэ щытащ Бгырыс лъэпкъхэм я I съездыр. Абы щаубзыхуат Кавказым и бгырыс зэкъуэтхэм я зэгухьэныгъэ икIи ар лъэпкъ-политикэ Iыхьэ щхьэхуэу къыщалъытащ, и Комитет Нэхъыщхьэмрэ гъэзэщIакIуэ органымрэ иIэжу. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ къабгъэдэкIыу а Комитетым хагъэхьащ уэчылхэу Куэцэ Пщымахуэрэ Шаханов Басиятрэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым и щIышылэм къащтауэ щытащ «ГуащIэрыпсэухэм я хуитыныгъэм и декларацэр». Абы ипкъ иткIэ Урысейр федеративнэ ухуэкIэм хуэкIуащ. Абы щыгъуэ ди къэралым фIащащ Урысей Советскэ Федеративнэ Социалистическэ Республикэ (РСФСР), и япэ Конституцэу 1918 гъэм и жэпуэгъуэм и 7-м къащтар и гъащIэ хабзэ нэхъыщхьэу. А зэман дыдэм Кировымрэ Орджоникидзерэ къыхалъхьауэ щытащ бгырыс лъэпкъхэр Тэрч автономнэ областу зэхыхьэну. Абы ехьэлIа унафэр къыщащтащ Тэрч областым щыпсэу лъэпкъхэм я съезду 1920 гъэм щэкIуэгъуэм и 17 - 18-хэм екIуэкIам. Апхуэдэу къэхъуащ Бгырыс Автономнэ Советскэ Социалистическэ Республикэр. МазитI дэкIри, РСФСР-м и ВЦИК-м ар хабзэ лъабжьэ зиIэ къэрал къэунэхуныгъэу къилъытащ. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ лъэпкъ щIыналъэ щхьэхуэу хыхьащ а республикэм. Ар лъэпкъ-къэралыгъуэ ухуэныгъэм и япэ лъэбакъуэт.

Къэбэрдей окружной исполкомымрэ парткомымрэ я зэIущIэу 1921 гъэм накъыгъэм и 21-м ирагъэкIуэкIам къыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщт Къэбэрдейр Бгырыс республикэм къыхэкIыжу езым и къэралыгъуэ иухуэжыныр. Апхуэдэ Iуэхум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэу къалъытэрт, япэрауэ, щIыналъэм иIэ хуитыныгъэхэр къызэремэщIэкIыр. КъинэмыщIауэ, ди щIыналъэ унафэщIхэм нэхъ къащтэрт зыхэт къэралым и пашэхэм, нэгъуэщIхэр я зэхуаку дэмыту, езыхэм пыщIэныгъэ хуаIэжмэ нэхъыфIу. А зэманым ирихьэлIэу Къэбэрдейм игъуэта экономикэ, политикэ, жылагъуэ зыужьыныгъэхэми къагъэувырт къэрал ухуэныгъэ нэхъ лъагэ иIэну. Абы теухуауэ Сталинымрэ Къалмыкъ БетIалрэ зэпсалъэу жаIауэ щытахэм ящыщ щахъумэ КъБР-м и Архивым. «Кавбюром къыбгъэдэкI унафэу къэфлъытэ хъунущ Къэбэрдейр Автономнэ область щхьэхуэ хъуныр РСФСР-м и дежкIэ политикэ икIи хозяйственнэ ехъулIэныгъэ къызыпэкIуэну Iуэхугъуэу зэрыщытыр», - къыхигъэщащ абы щыгъуэ Сталиным. Ди къэралыгъуэр зэфIэувэным и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум ехьэлIа унафэ къыщащтат окружной парткомым и зэIущIэми. Апхуэдэу, Къэбэрдейм и гуащIэрыпсэухэр политикэ, экономикэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ хуэхьэзыру къалъытащ Урысей Федерацэм и зы Iыхьэ хъуну.

А Iуэхум иужьрейуэ щыхэплъащ Къэбэрдейм и Советхэм я IV съезду 1921 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 11 - 13-хэм щыIам. Абы къэрихьэлIа делегатхэм я нэхъыбапIэр адыгэт. Къэбэрдейм къэралыгъуэ иIэным теухуауэ зэIущIэшхуэм и утыкум абы щыгъуэ къыщыпсэлъахэм ящыщщ Къатхъэн Назир, Абазэ Данил сымэ. Абыхэм жаIэрт Къэбэрдейм иухуэн хуейр мыобласту, атIэ республикэу, арщхьэкIэ ар иджыри пасэIуэу къыщалъытащ зэхуэсым икIи Къэбэрдейр автономнэ область щхьэхуэу Горскэ республикэм къыхэкIыныр игъуэ дыдэу, ар цIыхубэ лъэIуу зэрыщытыр жаIащ. А зэманым Налшык зыгъэпсэхуакIуэ щыIэ Сталинри хэпсэлъыхьащ зэхуэсышхуэм. Абы съездым къыхуигъэхьа письмом итт зэрысымаджэм къыхэкIыу съездым зэрыхэмытыфыр, атIэми, гурэ псэкIэ абыхэм зэращIыгъур. «Хуабжьу си гуапэщ Къэбэрдей щIыналъэ цIыкIур Урысейм и зы автономнэ Iыхьэ хъуну зэрыхущIэкъур», - итхырт абы.

Адыгэхэм кърахьэжьа Iуэхур къэрал унафэщIым апхуэдэу къазэрыдиIыгъам мыхьэнэшхуэ иIащ абы щыгъуэ. Сталиным и псалъэхэм я лъэр нэхъри жан ищIауэ, Къэбэрдейм и Советхэм я IV съездым хэтхэм унафэ ищIауэ щытащ РСФСР-мрэ БССР-мрэ я пашэхэм Къэбэрдейм и гуащIэрыпсэухэм къабгъэдэкI лъэIукIэ зыхуагъэзэну, а Iуэхум теухуа доклад шэщIаи абыхэм яхуегъэхьын хуейуэ. Апхуэдэ дэфтэрхэр хуагъэхьэзырат 1921 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м екIуэкIыну РКП (б)-м и ЦК-м и Кавбюром и пленумым. Абы хэтащ Кировымрэ Орджоникидзерэ. Къэбэрдеймрэ Бгырыс республикэмрэ я лIыкIуэхэм ящIа докладхэм тепсэлъыхьа нэужь, пленумым унафэ ищIащ Къэбэрдейр Бгырыс республикэм къыхэкIыну. Унафэм итт: «РКП (б)-м и ЦК-м и Кавбюром, Къэбэрдейм и гуащIэрыпсэухэм я лъэIур, Къэбэрдейм и окрисполкомым, окрпарткомым, Къэбэрдейм и депутатхэм я съездым, РКП (б)-м и Налшык къалэ зэгухьэныгъэм къыщащта дэфтэрхэр и лъабжьэу, къелъытэ Къэбэрдейр Бгырыс республикэм залымыгъэкIэ хэгъэтыныр къемызэгъыу».

Къэбэрдейм и автономием ехьэлIа Iуэхугъуэхэм ВЦИК-м щытепсэлъыхьын мурадкIэ, 1921 гъэм шыщхьэуIум и 8-м Москва кIуащ Къэбэрдейм и лIыкIуэ гуп, Къалмыкъ БетIал я пашэу. ВЦИК-м и Президиумым 1921гъэм фокIадэм и 1-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм унафэ къыщащтащ Къэбэрдей автономнэ областыр къызэгъэпэщыным теухуауэ. Абы хыхьэрт Бахъсэн, Налшык, Аруан, Къэбэрдей цIыкIу щIыналъэхэр. Дэфтэрым къыщыхьат щIыналъэхэм къызэщIаубыдэ къалэхэр, жылэхэр, къуажэхэр. А гъэ дыдэм и щэкIуэгъуэ мазэм Къэбэрдейм и Советхэм я съезд екIуэкIам Къэбэрдей Советскэ автономнэ областым и щыIэныгъэр нэсу къызэригъэпэщащ. Дыгъэгъазэм и 15-м РСФСР-м и ВЦИК-м деж щылажьэ Къэбэрдей представительствэ къызэрагъэпэщащ. Абы и къалэнт Къэбэрдейм и экономикэмрэ политикэмрэ епха Iуэхухэр къэрал къулыкъущIапIэ нэхъыщхьэхэм щыдигъэкIыну, щиубзыхуну.

Дауи, къэунэхуагъащIэ областым и Iуэхухэр тэмэму зэтеублэныр гугъуехь куэд зыпылъ лэжьыгъэ инт. Абы сыткIи зыкъыщIигъэкъуащ къэралым. 1921гъэм фокIадэм и 2-м Лениным Iэ щIидзауэ щытащ ди щIыналъэм сом мелуани 5 къызэрыхуаутIыпщыр зэрыт унафэм. Апхуэдэу Къэбэрдейм зэман кIэщIым къриубыдэу къыIэрыхьащ промышленнэ оборудованэхэр, мэкъумэш техникэ, жылапхъэхэр, цIыхубэр зыхуеину хьэпшып зэхуэмыдэхэр.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым и пэщIэдзэм балъкъэр лъэпкъри лъэIуащ Бгырыс республикэм къыхэкIыну. 1922 гъэм щIышылэм и 16-м РСФСР-м и ВЦИК-м диIыгъащ балъкъэрхэм я лъэIур икIи РСФСР-м хыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областыр къызэрызэрагъэпэщымкIэ декрет къищтащ.

Къэбэрдей, балъкъэр лъэпкъхэм я дежкIэ тхыдэ мыхьэнэшхуэ иIэт къэралыгъуэ зэрагъуэтам. Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ зы автономиеу зэрызэгухьам Iэмал къитащ щIыналъитIми я экономикэ лъэщагъыр, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр зэуIуу къэгъэсэбэпынымкIэ, псом я щхьэжыращи, лъэпкъитIым я цIыхубэр гъащIэщIэр ухуэным зэгъусэу, я дамэпкъ зэкъуэту яужь ихьащ. Къапщтэмэ, ди щIыналъэм къэралыгъуэ щигъуэта а япэ илъэсиплIыр зы лIэщIыгъуэ псо ирикъуу къыпщохъу.

Гур хохъуэ, ахэр къэзыIуатэ дэфтэрхэм уащыхэплъэкIэ. Япэу къызэIуаха промышленнэ IэнатIэхэм ящыщщ Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн къалэхэм щаутIыпщауэ щыта чырбыш-кхъуэщын заводхэр. Абы къыкIэлъыкIуащ Май къалэм щаухуа щIэп заводыр, Налшык дащIыхьа гидроэлектростанцыр, нэгъуэщIхэри. Заужьырт щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, лъэпкъ литературэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм. 1922 гъэм Налшык къыщызэIуахащ мэкъумэш IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ техникум. ИужькIэ къызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэр, къызэIуахащ совпарт школыр, Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIур, педтехникумыр. Долинск лэжьэн щыщIидзащ цIыхуи 100-м зэуэ зыщагъэпсэхуфыну санаторэ. Налшыки областым и нэгъуэщI щIыпIэхэми жылагъуэ зэгухьэныгъэм зыщаужьырт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бзылъхугъэхэм я I съезд, партымрэ комсомолымрэ я конференцхэр екIуэкIащ, япэ пионер гупхэр къэунэхуащ, егъэджакIуэхэм, Iэщыхъуэхэм я совещанэ инхэр къызэрагъэпэщащ, бгырыс бзылъхугъэхэм я япэ клуб къызэIуахащ.

Зиужьырт щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмри. 1923 гъэм Налшык къыщыдэкIащ адыгэбзэкIэ тха япэ тхылъыр, иужькIэ яубзыхуащ адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм я тхыбзэр, адыгэбзэм, балъкъэрыбзэм я алыфбейхэр къыдэкIащ. Спортымрэ физкультурэмри гулъытэшхуэ ягъуэтырт. 1923 гъэм Налшык япэу щекIуэкIащ «Физкультурникым и махуэр». КъыкIэлъыкIуэ илъэсым абы къыщызэрагъэпэщащ япэ областной спорт олимпиадэ. ФизкультурэмкIэ иIэ зыужьыныгъэхэмрэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымкIэ и облсоветым Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым къыбгъэдэкI саугъэт 1925 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Зэман кIэщIым къриубыдэу ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьэфа ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал ныпым мыгувэу щылыдащ дамыгъэ лъапIэхэр: Лениным и ордену тIу, Жэпуэгъуэ революцэм и орден, Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и орден. Ахэр ди республикэм хуэфащэ дыдэу кърататащ.

ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ зэрылъ, щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку пщIэрэ нэмысрэ дэлъу къэгъуэгурыкIуэ ди щIыналъэр и щIыхь иIыгъыжу пхыкIыфащ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ хьэлъэм, абы къыкIэлъыкIуа зэман бзаджэм. Республикэм щыпсэу лъэпкъхэр, цIыху щхьэхуэхэр кIуэцIрыкIащ политикэ репрессиехэм, щIыналъэр къызэфIагъэщIакъым зэхъуэкIыныгъэхэм я илъэсхэми. Апхуэдиз гугъуехьым ди лъахэгъухэр къезыгъэлыфар ди лъэпкъ хабзэхэмрэ нэмысымрэщ, щэнхабзэмрэ псэ къабзагъэмрэщ.

Лъэпкъи 100-м щIигъу, зылI и быну, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу щопсэу ди щIыналъэм, я анэдэлъхубзэр зырызми, я гупсысэр зым хуэунэтIауэ. Иджырей лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыужьыныгъэшхуэ егъуэт гъащIэм и лъэныкъуэ куэдымкIэ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ зи къэралыгъуэр илъэси 100 ирикъуа ди щIыналъэр нэхъри ефIэкIуэнымкIэ. Ди IуэхущIафэхэр зы мурад дахэм хуэдгъэпсу, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я бзэр тIурылъу дяпэкIи дызэдэпсэунщ. ИтIанэ нэхъри нэхъ лъэщыж хъунущ ди Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыгъуэр.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**









# Къэралыгъуэм и къежьапIэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и махуэгъэпсым Къэралыгъуэм и махуэм увыпIэ щхьэхуэ щеубыд. Ар ягъэлъэпIэн щIадзащ 1921 гъэм фокIадэм и 1-м, РСФСР-м и ВЦИК-м и унафэкIэ Къэбэрдей округыр Бгырыс АССР-м къыхагъэкIыжу Къэбэрдей автоном область къыщызэрагъэпэщам щегъэжьауэ. ИужькIэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым хуэкIуэжащ. Автономие щхьэхуэ зэрыхъуам хуэгъэпса махуэшхуэ зэхыхьэхэр щрагъэкIуэкIыну махуэр илъэс къэс ягъэувырт абы теухуауэ къыдагъэкI унафэ пыухыкIам тету. Ауэ, 1997 гъэм, КонституцэщIэр къыщащтэм ирихьэлIэу, республикэм и Парламентым фокIадэм и 1-р КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэу игъэуващ икIи унафэ ищIащ дяпэкIэ ар махуэшхуэу (мылэжьэгъуэ махуэу) къалъытэну.**

РЕСПУБЛИКЭМ и тхыдэм мыхьэнэшхуэ щызыубыд махуэшхуэр зэрагъэлъапIэу къызэрекIуэкIам теухуа гукъэкIыж тхыгъэ куэд щыIэщ, ауэ абыхэм къахэдгъэщынщ нэхъ гъэщIэгъуэну теплъэгъуэ зыбжанэ.

Абы теухуа япэ Iуэхугъуэшхуэр - автономиер къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищ зэрырикъур - 1924 гъэм ягъэлъэпIащ. Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областыр зэрыщыIа илъэсищым къызэщIикъуэжын зэфIэкIхэр иIэт. КъБАО-м и лIыкIуэу Москва щыIэхэми щIыналъэм и къулыкъущIэхэми махуэшхуэм жыджэру зыхуагъэхьэзыращ. «Красная нива» совет журналым Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуауэ къытрадза тхыгъэм Совет Союзым и щIыналъэ псоми щыпсэухэм зыщагъэгъуэзэфынут. «Илъэсищ пIалъэ кIэщIым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр областым хъарзынэу зыкъиужьащ. ЩIыналъэм гъуэгуфIхэр щаухуэ; Къэбэрдейм и псы уэрхэм, мин бжыгъэкIэ Iэщхэр зыхэкIуадэу щытам, лъэмыжхэр тралъхьэ. ПхъэIэщэр къыщамыгъэсэбэпу щытам, тракторхэмкIэ щIыр щавэ, мэкъур къыщахыж. Налшык, Бахъсэн псыхэм электростанцхэр щаухуэ, абыхэм Iэмал къатынущ областым пхъэм щелэжь и промышленностыр ирикъуу токкIэ къызэгъэпэща хъунымкIэ, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ уэздыгъэхэмкIэ гъэнэхунымкIэ. Апхуэдэуи шы, Iэщ лъэпкъыфIхэр гъэхъунымкIэ хозяйствэр зэфIагъэувэж. Къуажэ школхэм адыгэ, балъкъэр сабийхэр я анэдэлъхубзэкIэ щрагъаджэ. Налшык къыщызэIуахащ Совет властым и бийхэм яIэщIэкIуэдахэм я бынхэр, пионер ныбжьыщIэхэр щрагъаджэ сабий къалэ цIыкIу. ТекIуэныгъэшхуэ къыщыхъуащ областым - щIыналъэм щыпсэу бзылъхугъэхэм дэкъузэныгъэр щхьэщахащ: ущымыгуфIыкIыу къанэркъым адыгэ, балъкъэр пщащэхэр спорт утыкухэм къихьэ зэрыхъуам...» - къыщыхьащ журналым ихуа тхыгъэм.

Махуэшхуэр гукъыдэжыншэ зыщIыр зы Iуэхугъуэт - 1924 гъэр гъаблэ хъуат. Абы къыхэкIыу ар Iэтауэ ягъэлъэпIакъым. Облисполкомым унафэ ищIащ щIыналъэм экономикэ щытыкIэ хьэлъэ зэрыщыIэм къыхэкIыу, автоном областыр къызэрыунэхурэ илъэсищ зэрырикъум хуэгъэпса махуэшхуэр, зэрагугъам хуэмыдэу, замыIэтыщэу ирагъэкIуэкIыну: шыгъажэхэмрэ цIыхушхуэ щызэхуэс зэхыхьэхэмрэ щагъэIакъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнумкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэт 1936 гъэр. Областыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 15 зэрыхъур Iэтауэ ягъэлъэпIащ, абы и щыхьэту къэнащ дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъ сурэтхэр. А лъэхъэнэм щIыналъэм и пщIэр лъагэу иIэтат. ЕхъулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьат унэтIыныгъэ псоми: промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, узыншагъэр хъумэн IэнатIэм, егъэджэныгъэм... Бахъсэн ухуэныгъэшхуэхэр дащIыхьащ. Махуэшхуэм ирихьэлIэу Бахъсэн ГЭС-м и япэ гидроагрегатыр ирагъэжьащ. Джылахъстэней щIыналъэм и тхыдэм щыяпэу Тэрч районым и уэгъу щIыпIэхэр къэзыгъэщIэрэщIэжа псыщIэгъэлъадэ системэр щаухуащ. Колхоз мелуанырыбжэхэр къэунэхуащ. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ зытраххэм ящыщ зыт Кэнжэ къуажэм дэта, Ленином и орденыр зыхуагъэфэща Блэныхь Темыркъан зи унафэщIу щыта, Андреевым и цIэр зезыхьэ колхозыр. Къэбэрдей-Балъкъэр областым мэкъумэш хозяйствэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ 1934 гъэм къэрал дамыгъэ нэхъыщхьэр - Лениным и орденыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. «Налшык» курортым зиужьырт. Куэд дэмыкIыу ар хъуащ къэралым и курорт нэхъыфIхэм ящыщ зы. Абдеж щаухуащ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къызэрагъэпэща, Кировым и цIэр зыфIаща санаторэщIэр. Абы ноби ди къалэр егъэдахэ, Долинск и щхъуантIагъэм екIуу къыхэщу... Къалэм и жыг хадэм пэгъунэгъуу «Интурист» хьэщIэщым и унэ хужь дахэр щаухуащ, иужькIэ абы «Налшык» фIэщыгъэр иратыжащ. 1920 гъэм и пэщIэдзэхэм егъэлеяуэ зи теплъэр къагъэщIэрэщIэжа жыг хадэр къэунэху къалэкурортыр зэрыгушхуэхэм ящыщ зыт.

1936 гъэм кърахьэжьа махуэшхуэ дауэдапщэхэр жэпуэгъуэ мазэм ирагъэкIуэкIащ. Автономием къызэринэкIа илъэс 15-м иращIэкI зэхыхьэр Налшык и мызакъуэуи, Москваи щызэхэтащ. Апхуэдэу абы щрагъэкIуэкIащ ВЦИК-м и Президиумым и зэIущIэ. Абы щIыналъэм илъэс 15-м зэрызиужьым теухуауэ областым и унафэщIхэу Къалмыкъ БетIалрэ Черкесов Ишурэ къыщыпсэлъауэ щытащ.

Ди лъэпкъым дежкIэ тхыдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ 1936 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м РСФСР-м хэту Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном Совет Социалист Республикэ къызэрыунэхуар. Абы щIыналъэм и жылагъуэ, къэрал зэхэтыкIэм и пщIэр нэхъ лъагэ ищIырт.

КъыкIэлъыкIуэ юбилейм, щIыналъэр илъэс 20 зэрырикъум, республикэм нэхъ пасэу зыхуэгъэхьэзырын щIидзат. 1939 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м ВКП (б)-м и обкомым и бюором иригъэкIуэкIа зэIущIэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр автономие щхьэхуэ зэрыхъурэ илъэс 20 зэрырикъум зэрызыхуагъэхьэзырыну Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьащ. Республикэм и Iэтащхьэхэм унафэ ящIат къэралыгъуэм и илъэс 20 юбилеймрэ Октябрь Революцэ Иным и махуэшхуэмрэ зэгъусэу 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 7-м зэдагъэлъэпIэну.

Махуэшхуэр егъэлеяуэ зэраIэтынум зыхуагъэхьэзырырт. СССР-м и цIыхубэ комиссархэм я советым деж кинематографиемкIэ щыIэ комитетым мурад ищIат «Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэс 20 ирокъу» фIэщыгъэр иIэу кинофильм трихыну. ЩIэныгъэхэмкIэ академием «Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъым и тхыдэр» тхылъхэр игъэхьэзырынут. «СССР на стройке» журналым и къыдэкIыгъуэ щхьэхуэр республикэм триухуэнут. КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ и управленэм и унафэщI Темыркъан Хьэту пщэрылъ щащIат изобразительнэ гъуазджэм и лIэужьыгъуэ псомкIи гъэлъэгъуэныгъэ Налшык къыщызэригъэпэщыну. 1940 гъэм къриубыдэу цIыхубэ хозяйствэ унэтIыныгъэм щызэфIагъэкIыну зыхуагъэувыжа къалэнхэм хыхьэу ерыскъы промышленностымкIэ, ухуэныгъэмкIэ техникумхэр, гъэлъэгъуэныгъэ комплекс, драмтеатр яухуэнут, Советхэм я Унэр, Лениным и фэеплъыр нащIысыжын хуейт.

Республикэм и цIыхухэр лажьэрт, шхэжырт, хъер къызыпэкIуэ Iуэхухэм яужь итт, гъащIэм гугъэшхуэхэр хуаIэрэ я пщэдейм фIыкIэ хуэплъэу псэурт. Ауэ куэд дэмыкIыу зыпэмыплъэхха Iуэхугъуэхэр къалъыкъуэкIащ: Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Юбилейм ирихьэлIэу ягъэзэщIэну я гугъахэм щыщ куэд къайхъулIакъым, езы махуэшхуэри ягъэлъэпIакъым.

Зауэ нэужь лъэхъэнэрщ, 1946 гъэрщ, а Iуэхум къыщытрагъэзэжыфар. Зауэм и гъэунэхуныгъэ ткIийхэр зи фэ дэкIа цIыхухэр махуэшхуэм щIэхъуэпсырт. АрщхьэкIэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм хэтыну псоми къахуиухатэкъым. ЩIыналъэм и автономиер илъэс 25-рэ щрикъум абы щыпсэухэм ящыщ куэд Сталиным и репрессием крикIуахэм ипкъ иткIэ республикэм ирашат. 1922 гъэм лъэпкъитIым - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ - ягъуэта зэпыщIэныгъэр илъэс 13-кIэ къызэпиудауэ щытащ 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м балъкъэрхэр щIыналъэм зэрырашам.

Зауэ нэужь юбилейр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэхакъута цIыхубэ хозяйствэр щызэфIагъэувэж лъэхъэнэ хьэлъэм ирихьэлIат. Ахэр республикэм зэрырахужрэ илъэсищ дэкIат, а зэманым къриубыдэу щIыналъэм и экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зэфIэгъэувэжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIат. Промышленнэ предприятэ куэдым лэжьэн щIадзэжат, абыхэм яхэтт Тырныауз дэт вольфрам-молибден комбинатыр, Бахъсэн и гидроэлектростанцыр, машинэ щащI заводыр. Зауэ зэманым абыхэм псоми хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтат икIи я лэжьыгъэр къызэтеувыIат.

Зэман кIыхькIэ мылэжьауэ къызэIуахыжащ Кировым и цIэр зезыхьэ санаторэр (зауэр щекIуэкIым ар госпиталу щытащ). Санаторэр илъэс псом лажьэрт икIи зэуэ цIыху 210-м абы зыщагъэпсэхуфырт. IуэхущIапIэм хэтт тхылъ мини 7 зыщIэлъ библиотекэ, концертхэр, театр теплъэгъуэхэр щагъэлъэгъуэну тIысыпIэ 600 зиIэ пэш щхьэхуэ.

Республикэм и зыужьыныгъэм я гуащIэ халъхьащ литераторхэми. Къэбэрдей къэрал тхылъ тедзапIэм дунейм къытригъэхьащ республикэм и тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса «Къэбэрдей АССР» къыдэкIыгъуэр. Абы ихуащ Кокиев Г. и «Къэбэрдейм и тхыдэм теухуа очерк кIэщIхэр», КIыщокъуэ А. и «ЦIыхубэ егъэджэныгъэ», Теунэ Хь., Магдебург И. сымэ я «Литературэмрэ гъуазджэмрэ», Отаров Д. и «Совет властым и илъэс 25-м къриубыдэу Къэбэрдейм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэр зыхуэдар», ЦокIыл К. и «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Къэбэрдейм щызэрахьа хьэкIэкхъуэкIагъэр», Маслов Е. и «Къэбэрдей АССР-м и щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр» тхыгъэхэр, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр.

Зауэ зэман нэужьыр лъэхъэнэ хьэлъэу щытами, республикэм и цIыхухэми нэгъуэщI щIыналъэхэм къикIа и хьэщIэхэми (уеблэмэ абыхэм яхэтащ Якут АССР-м щыщхэри) махуэшхуэ дэрэжэгъуэкIэ яхуэупсэн яхузэфIэкIащ. Саугъэтхэмрэ тыгъэхэмрэ къапэплъэрт сабийхэми. Махуэшхуэ зэхыхьэхэм ятеухуауэ республикэ газетым итхырт: «Къэбэрдейм и автономиер илъэс 25-рэ зэрырикъум хуэгъэпсауэ шэIумыл (мороженое) лIэужьыгъуэщIэхэр къыдагъэкI. А махуэхэм ерыскъы комбинатым жылагъуэм ярищэну куэду къыщIигъэкIащ пхъэщхьэмыщхьэпсхэмрэ хьэлывэ IэфIхэмрэ».

Махуэшхуэ зэхыхьэхэр шыщхьэуIум и 31-м щегъэжьауэ фокIадэм и 3 пщIондэ зэхэтащ. А махуэхэм екIуэкIащ гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, махуэшхуэ пэкIухэр, шыгъажэхэр. «Спартак» стадионым къыщызэрагъэпэща спорт зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэмкIэ махуэшхуэр зэхуащIыжащ.

1957 гъэри тхыдэм къэхъугъэ щхьэхуэу къыхэнащ: Азие Курытымрэ Къэзахъстанымрэ къикIыжри, щIыналъэм къагъэзэжащ балъкъэр лъэпкъым щыщхэм. Абы ипкъ иткIи республикэм и лъэпкъ-къэрал ухуэкIэр япэм зэрыщытам хуэкIуэжащ. ЩIыналъэм и зи чэзу юбилейр - 1961 гъэм автономиер илъэс 40 зэрырикъур - Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм гукъеуэншэу ягъэлъэпIащ. ЩIыналъэм и унафэщIхэм я къэпсэлъэныгъэхэм гулъытэ нэхъыбэ ирату къыхагъэщырт республикэм и жылагъуэ, политикэ ухуэкIэм балъкъэрхэр къызэрыхашэжынум теухуа Iуэхухэр. Махуэшхуэм ирихьэлIэу газетхэм, радиом, телевидением щрагъэкIуэкIырт Совет властым и илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм, СССР-м ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и мыхьэнэм, социализмэмрэ коммунизмэмрэ ухуэнымкIэ зэрызэдэIэпыкъунум теухуа псалъэмакъхэр.

АдэкIи илъэс зэхуэмыдэхэм республикэм игъэлъэпIащ ар къызэрыунэхуам хуэгъэпса махуэшхуэ щIэщыгъуэ икIи гъэщIэгъуэн куэд.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**



**1931 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м РСФСР-м и ВЦИК-м унафэ зэрищІам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областыр къыззэрызэрагъэпэщрэ илъэси 10 щрикъум ирихьэлІэу, Налшык къалэм Советхэм я Унэ щаухуэну хуит ящІащ.**






# Республикэм и къулыкъущІапІэ, еджапІэ нэхъыщхьэхэр

АР зыухуэнухэм я мурадт Советхэм я лъэщагъымрэ ярдагъымрэ уи нэгу къыщІэзыгъэувэ художественнэ фэеплъ, уардэунэ ящІыну. Архитектурэ и лъэныкъуэкІи мыхьэнэшхуэ иІэт унэм, абы гупсысэ куухэр и лъабжьэт, псом нэхърэ нэхъыщхьэрати, Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыкІэм теухуа унафэхэр къыщащтэну, къызыщІэкІыну унэр егъэлеяуэ уардэу щытын хуейт.

Унэм и проектыр ящІыну кърагъэблэгъащ Москва, Ленинград, Тэн Іуфэ Іус Ростов къалэхэм щыщ архитектор нэхъыфІхэр. Ар зытетыну щІыр къыхэхыныр, унэ лъабжьэр зыхуэзэну щІыр къихыныр 1932 гъэ псом екІуэкІащ. ИтІанэ къыщІадзэри, дращІеиху абы и проектыр зыбжанэрэ яхъуэжащ.

1940 гъэм ухуэныгъэр къызэтрагъэувыІащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым унэ ныкъуэщІым леишхуэ къытехьауэ пхужыІэнукъым - ар къагъэуакъым, ауэ 1942 гъэм мафІэс къыщыхъуауэ щытащ. Уардэунэм япэу «щІэтІысхьауэ» жыпІэ хъунущ гъэр ящІа фашистхэр - 1945 гъэм Налшык къагъэкІуауэ щытащ цІыхубэ хозяйствэр зэфІэгъэувэжыным хагъэлэжьыхьыну нэмыцэхэр. Абыхэм ящыщу 600-р щІагъэтІысхьат унэ ныкъуэщІым.

Советхэм я Унэм и ухуэныгъэр щрагъэжьэжар Хэку зауэшхуэр иухыу, илъэсиплІ дэкІыжа нэужьщ. Проектыр и ІэдакъэщІэкІщ, и архитектор нэхъыщхьэщ Маслих С. А., Вольфович И. И. инженер нэхъыщхьэщ, Пятин С. Г. инженер нэхъыжьщ.

Уардэунэм и ижьырабгъу лъэныкъуэр хьэзыр ящІри, 1954 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м ятауэ щытащ.

* * *

Лениным и цІэр зезыхьэ уэрамым бжьыфІэу тетщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и унэр. Абы и архитектурэр неоклассицизм, эклектикэ теплъэхэр яІэу зэхэлъщ.

XX лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм ящІа унэр къатиплІу зэтетщ. Къапщтэмэ, Парламентыр къэрал властым и хабзэубзыху къулыкъущІапІэ нэхъыщхьэщ. Абы щылэжьэнухэр япэ дыдэу 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м хахауэ щытащ. Иджыпсту лажьэр еханэ зэхуэсыгъуэращ (2019 - 2024 гъэ.), абы партитху къызэщІеубыдэ. Зы палатэу зэхэт парламентым депутат 70 щолажьэ, абыхэм ящыщу 18-р къэрал къулыкъущІапІэм щІэсщ.

* * *

РСФСР-м и ЦІыхубэ Комиссархэм я Советым и УнафэкІэ 1932 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Бгырыс педагогикэ институтыр Осетие Ищхъэрэм и институтрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и институту зэхагъэкІащ. Ауэ а зэманым институтыр зыщІагъэтІысхьэн унэ Налшык зэрыдэмытым къыхэкІыу, ар Псыхуабэ яхьауэ щытащ. Абы щыгъуэм факультетищ къудей иІэу арат Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ институтым: физико-математикэ, биологие, литературэ.

1937 гъэм Налшык и кІэм щынагъэсащ еджапІэр икІи студентхэр зыщІэсын общежити ухуащ, цІыху 840-рэ щІэхуэну. 1932 гъэм щегъэжьауэ 1956 гъэ пщІондэ институтым егъэджакІуэ мини 6 къыщІигъэкІащ. 1957 гъэм студент 1345-рэ щеджэрт абы.

Ауэрэ республикэм и экономикэм зиужьу хуежьэри, мэкъумэш, промышленность, ухуэныгъэ ІэнатІэхэм ІэщІагъэлІхэр яхуримыкъу хъуащ. Абы щыгъуэм, 1957 гъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет къызэІуахащ, педагогикэ институтыр и лъабжьэу. Мис апхуэдэу къэунэхуащ мы гъэм зи илъэс 90-р зыгъэлъапІэ, Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ КъБКъУ-р.

* * *

КъБР-м и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр 1981 гъэм къызэІуахащ, абы щыгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр агромелиоративнэ институт фІащри. ИужькІэ, 1991 - 1995 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр



аграрнэ институту щытащ, 1995 - 2012 гъэхэм КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академие хъуащ, 2012 гъэ лъандэрэ КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетщ.

КъБКъМУ-р Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм, Урысей Федерацэм и еджапІэ нэхъ инхэм, нэхъыфІхэм хабжэ хъуащ. Абы республикэм и мэкъумэш ІэнатІэр зезыхьэн ІэщІагъэлІхэр къыщІегъэкІ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми ди деж лэжьыгъэ щагъуэтынущ.

* * *

Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институтым и закъуэщ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щыхурагъаджэу КИФЩІ-м итыр.

1990 - 1992 гъэхэм ар Воронеж дэт, ГъуазджэхэмкІэ къэрал институтым Налшык къалэм щиІэу щытащ.

1992 гъэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэкІэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институт ящІащ. Нобэ абы щоджэ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъ псоми къахэкІахэр, гъунэгъу хэгъэгухэм щыщхэр, апхуэдэуи Урысейм и щІыналъэ нэхъ жыжьэхэми, СНГ-ми къикІа студентхэр щІэсщ.

* * *

Мэлбахъуэ Т. Къу. и цІэр зезыхьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэр республикэм и щэнхабзэ, щІэныгъэ, гъэсэныгъэ ІуэхущІапІэ ину итщ республикэм. Ар 1921 гъэм щІышылэм и 14-м къызэІуахащ.

Абы ехъумэ ди хэкуми, абы ис лъэпкъхэми я хъугъуэфІыгъуэ куэд, щІэльщ щІэблэм я щІэныгъэм хагъэхъуэн папщІэ къагъэсэбэп тхылъ, дэфтэр, сурэт, тхыгъэ бжыгъэншэхэр.

НобэкІэ библиотекэм щІэлъ тхылъхэр зэІэпах абы екІуалІэ цІыху мин 30-м. Езым и фондыр мелуан 1,8-м щІегъу.

Библиотекэм щІэныгъэ къызэрыщІэпхым и мызакъуэу, абы гъэлъэгъуэныгъэ, экскурсие, литературэ пшыхь, клуб зэхыхьэ, тхылъыщІэхэр утыку къыщрахьэ зэІущІэ куэд щокІуэкІ.

* * *

1934 гъэм Налшык къыщызэІуахауэ щытащ школым зыщыхурагъаджэхэм нэмыщІ, щІэблэр дэзыхьэх унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ щадэлэжьэну ІуэхущІапІэ. А лъэхъэнэм Уардэунэм гупжьей куэд къыщызэІуахащ, унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм сабийхэр щыхуагъасэу. «Дом внешкольного воспитания»-р зэман дэкІри, «Дом пионеров» хъуащ.

Хэку зауэшхуэм и зэманым, апхуэдэ лэжьыгъэфІ щекІуэкІа унэр зэтракъутати, зауэ нэужьым а Іуэхум унэщІэ хухахащ.

Хуабжьу купщІафІэу лажьэрт Пионерхэм я унэр. Слётхэр, семинархэр, зэпеуэхэр ирагъэкІуэкІырт, егъэджакІуэхэм папщІи зэхыхьэ куэд къыщызэрагъэпэщырт.

Ноби Сабий творчествэмкІэ республикэ уардэунэр Кавказ Ищхъэрэм щынэхъыфІхэм хабжэ. Абы лъэныкъуэ куэдкІэ щокІуэкІ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхур, физкультурэспорт, художественно-эстетикэ, турист-лъахэхутэ, щІыуэпсбиологие, социально-педагогикэ унэтІыныгъэхэр зыхуей хуэзэу къыщызэгъэпэщащ.

КІэщІу жыпІэмэ, егъэджэныгъэ программэ 92-кІэ лажьэ творческэ зэгухьэныгъэу 345-рэ щызэхэтщ абы. Сабий 5000 къокІуалІэ.

* * *

2015 гъэм Налшык къыщызэІуаха «ДыгъафІэ къалэр» абы дэт еджапІэхэм емыщхь щІэщыгъуэ гуэру къалэм къыдэхутащ.

Сабий творчествэмкІэ академиер Кавказ Ищхъэрэм щынэхь ин дыдэ егъэджэныгъэ ІуэхущІапІэщ жыпІэмэ, ущыуэнукъым. Абы зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэр щрагъаджэ лицей хэтщ, интернат щІыкІэм тету лажьэу. Абы сабий 200-м нэс къекІуалІэ мэхъу. КъищынэмыщІауэ, зи ныбжьыр илъэси 5-м щегъэжьауэ илъэс 18-м нэс сабий къызэкІуалІэ центр щолажьэ. Абы ныбжьыщІэ мини 5 щоджэ.

Езы унэшхуэр тхууэ зэтетщ, гектари 4 еубыд. ЕджапІэ пэшу 43-рэ, спорт, актовэ, конференц, хореографие, лабораторие пэшхэр хэтщ, библиотекэ ин иІэщ, Темыркъан Юрэ, Шемякин Михаил сымэ я цІэхэр зезыхьэ макъамэ, гъуазджэ классхэр хэтщ.

ЕджапІэм школ автобуситІ иІэщ. «ДыгъафІэ къалэм» и къудамэ Тэрч щІыналъэм къыщызэІуахащ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**







Къалмыкъ БетIал


Кудрявцев Александр


КIумыхъу Зубер


Мазин Николай


Бабич Василий

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щытахэр

## Къалмыкъ БетIал

*(1920 - 1929 гъэхэм - Къэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым и унафэщI, 1930 - 1938 гъэхэм - ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь)*

Совет парт, къэрал лэжьакIуэ Къалмыкъ БетIал (1893 - 1940) Кавказ Ищхъэрэм Совет властым щыщIэбэна цIыхубэм я къызэгъэпэщакIуэхэм, унафэщIхэм ящыщ зыщ. Ар 1893 гъэм ХьэтIохъущыкъуей къуажэм къыщалъхуащ. 1913 гъэм Къалмыкъыр ящыщащ щIыпIэ аристократхэм я бийуэ къэува бгырысхэм я пашэхэм. 1915 - 1916 гъэхэм «Къэрэхьэлъкъ» мэкъумэш зэгухьэныгъэр къызэригъэпэщри, игъэлэжьащ. 1918 гъэм и гъатхэпэм РКП (б)-мрэ Тэрч цIыхубэ советымрэ хагъэхьащ.

1920 гъэм и гъатхэпэм ревкомым и унафэщI хъуащ, итIанэ Къэбэрдей-Балъкъэр облисполкомыр и нэIэ щIэуващ. 1921 - 1924 гъэхэм Къалмыкъ БетIал хуабжьу пэщIэтащ политикэ щIэпхъаджащIэхэр гъэкIуэдыным.

1930 гъэм ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару щытащ. 1937 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат хъуащ.

Куэд хилъхьащ абы республикэм и зыужьыныгъэм икIи цIыхубэ хозяйствэмрэ щэнхабзэмрэ щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ КъБАО-м Ленин орденыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

## Кудрявцев Александр

*(1938 - 1939 гъэхэм - ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь)*

1928 гъэм Крупская Н. и цIэр зезыхьэ Коммунист Гъэсэныгъэмкlэ академием щIэтIысхьащ, 1938 гъэм Краснэ профессурэм и институтым курситI къыщиухащ.

1924 гъэм щегъэжьауэ - комсомолым и район комитетым, иужькIэ Томск губерние комитетым, Западносибирскэ край комитетым щыIащ. 1930 гъэм щегъэжьауэ ВКП (б)-м хэтащ.

1933 - 1934 гъэхэм - Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIащ. ВКП (б)-м и Анжеро-Судженскэ къалэ комитетым, ВКП (б)-м и ЦК-м къулыкъу щрихьэкIащ.

## КIумыхъу Зубер

*(1939 - 1944 гъэхэм - ВКП (б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь)*

Совет парт, къэрал лэжьакIуэ. 1994 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Лъэпкъ Комиссархэм я Советым и унафэщIу щытащ.

## Мазин Николай

*(1944 - 1949 гъэхэм - ВКП (б)-м и Къэбэрдей обкомым и Япэ секретарь)*

Совет парт, къэрал лэжьакIуэ.

## Бабич Василий

*(1949 - 1956 гъэхэм - ВКП (б)-м и Къэбэрдей обкомым и Япэ секретарь)*

Совет парт, къэрал лэжьакIуэ. Партым и XX съездым и лIыкIуэу щытащ.

## Мэлбахъуэ Тимборэ

*(1956 - 1985 гъэхэм - КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь)*

Мэлбахъуэ Тимборэ Тэрч щIыналъэм хыхьэ Мэртэзей къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Абы курыт еджапIэр къыщиуха нэужь, инженер IэщIагъэм хуеджэну и мураду, Новочеркасск дэт институтым щIэтIысхьащ. ИужькIэ Орджоникидзе мэкъумэш институтым зригъэдзыжри, агроном IэщIагъэр иIэу абы къыщIэкIащ.

Дзэм къулыкъу щищIэу, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, Тимборэ фронтым кIуащ. Вагъуэ Плъыжь орденымрэ медаль зыбжанэрэ и бгъэм хэлъу ар 1946 гъэм Хэкум къэкIуэжащ. А илъэс дыдэм Мэлбахъуэм КПСС-м и Къэбэрдей обкомым и мэкъумэш къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу лэжьэн щIидзэри, 1985 гъэ пщIондэ парт къулыкъущIэу екIуэкIащ. А зэманым щыщу илъэс 30-кIэ ар КПСС-м и обкомым и Япэ секретару лэжьащ.

1985 гъэм илъэс 68-рэ хъууэ Мэлбахъуэ Тимборэ зигъэпсэхуну тIысыжащ, дунейм ехыжащ 1999 гъэм фокIадэм и 19-м.

Нобэ Мэлбахъуэм и цIэр зэрехьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэм, апхуэдэуи Налшыки, республикэм и къуажэхэми абы и цIэр зезыхьэ уэрамхэр дэтщ.

## Елисеев Евгений

*(1985 - 1990 гъэхэм - КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и Япэ секретарь)*

Совет парт лэжьакIуэ. 1959 гъэм щегъэжьауэ ВКП (б)-м хэтащ, 1986 - 1990 гъэхэм КПСС-м и ЦК-м и кандидату щытащ. 1984 - 1989 гъэхэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Лъэпкъ Советым и депутату щытащ, Хакасие АО-м къыбгъэдэкIыу. Экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатт.

## КIуэкIуэ Валерэ

*(1990 гъэм - КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ комитетым и Япэ секретарь, 1990 - 1991 - Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI, 1992 - 2005 гъэхэм - КъБР-м и Президент)*

Зи гъащIэ псор и лъахэмрэ и хэкуэгъухэмрэ я зэIузэпэщыныгъэм тезыухуа, зи акъылрэ зэфIэкIрэ Хэкушхуэм къыхуэзыгъэсэбэпа, Iулыдж лъагэрэ пщIэ инрэ иIэу дунейм тета политик цIэрыIуэ, къэрал лэжьакIуэ жыджэр, унафэщI губзыгъэ КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэм и лъэужьыр иджыри кIуэдакъым.

Ар Бахъсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым экономикэмкIэ и факультетым щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ. 1964 гъэм Кыщпэк дэта «Трудовой горец» колхозым агроном нэхъыщхьэу лэжьэн щыщIидзащ. АдэкIэ и щIэныгъэм щыпищащ Москва Мэкъумэш хозяйствэмкIэ дэт Союзпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым икIи 1970 гъэм абы и аспирантурэр къиухащ. Ди щIыналъэм къигъэзэжа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм - экономист нэхъыщхьэу, иужькIэ къудамэм и унафэщIу щылэжьащ. 1972-1974 гъэхэм Аруан районым щыIэ «Ленинский» совхозым и унафэщIу щытащ.

АдэкIэ щIидзащ КIуэкIуэм къэрал политикэм щыпхиша гъуэгуанэ бгъуфIэм. 1974 гъэм щегъэжьауэ 1983 гъэ пщIондэ Валерэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и коммунист партым и Аруан райкомым и япэ секретару лэжьащ.

1985 гъэм къыщыщIэдзауэ 1988 гъэ пщIондэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым мэкъумэш IэнатIэмкIэ и секретару щытащ, 1988 - 1990 гъэхэм обкомым и етIуанэ секретарщ. 1990 гъэм мазаем и 21-м щегъэжьауэ фокIадэм и 1 пщIондэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарщ.

1990 гъэм РСФСР-м и цIыхубэ депутату зыкъиигъэлъэгъуащ. Абы и закъуэт ди республикэм къыбгъэдэкIыу хэхыныгъэхэм хыхьар. ИкIи мартым и 4-м процент 89,7-м Iэ хуаIэтри, пхыкIауэ щытащ.

1990 гъэм гъатхэпэм и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI хъуащ. 1990 гъэм и бадзэуэгъуэм щегъэжьауэ 1991 гъэм и шыщхьэуIу пщIондэ КПСС-м и ЦК-м хэтащ.

1997 гъэм щIышылэм и 12-м КIуэкIуэр етIуанэу хахыжащ, цIыхубэм я процент 99-м Iэ яIэтащ Валерэ КъБР-м и Президент къулыкъум къыпэрынэным и телъхьэу. 2001 гъэм Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и Президиумым хэтащ. 2002 гъэм и щIышылэм къулыкъущIэ лъэрызехьэм ещанэу дзыхь хуащIащ республикэр. 1996 гъэм щегъэжьауэ 2001 гъэ хъуху къулыкъу лъагитI зэдихьащ абы - а зэманым Урысей Федерацэм ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэу щытащ.

КIуэкIуэ Валерэ къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и II, III нагъыщэхэр, «ЩIыхьым и дамыгъэ», ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжьым, Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, Октябрь Революцэм я орденхэр, Урысей Федерацэм и Президентым и ФIыщIэ тхылъыр, УФ-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр, Абхъазым и «ПщIэмрэ ЩIыхьымрэ» орденым и II нагъыщэр, нэгъуэщIхэри.

## Къанокъуэ Арсен

*(2005 - 2013 гъэхэм - КъБР-м и Iэтащхьэ)*

Ди лъахэм и зыужьыныгъэм куэд хэзылъхьа, ноби хэзыщIыхь политик цIэрыIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм хэуващ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыбгъэдэкIыу сенатору щыIэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и тхьэмадэ Къанокъуэ Арсен Башир и къуэр.

**(КIэухыр 7-нэ нап.)**


Мэлбахъуэ Тимборэ


Елисеев Евгений


КIуэкIуэ Валерэ


Къанокъуэ Арсен


КIуэкIуэ Юрэ

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIу щытахэр

*(КIэухыр. Пэщ[I]эдзэр 6-нэ нап.)*

Ар 1957 гъэм мазаем и 22-м Шытхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым Плехановым и цIэр зэрихьэу Москва дэт институтым и сату-экономикэ факультетыр къиухащ. Сатум епха Iуэху куэд зэригъэкIуэкIащ, КъБР-м и лIыкIуэу УФ-м и Президентым деж щыIэу и къуэдзэу щытащ. 2005 гъэм фокIадэм и 27-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къигъэлъагъуэри, Къанокъуэ Арсен КъБР-м и Iэтащхьэу хахащ. Ильэситху нэужьым, ар етIуанэу хахыжри, а къулыкъум тетащ 2013 гъэ пщIондэ.

КъБР-м и Iэтащхьэу зэрылэжьа зэманым къриубыдэу Къанокъуэ Арсенрэ абы и унафэ щIэт гупымрэ куэд къайхъулIащ щIыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным епхауэ. Къапщтэмэ, мэкъумэшхэкI къыщIэгъэкIынымкIэ 2010 гъэм КъБР-р КИФЩI-м пашэ щохъу. Социально-экономикэ IэнатIэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэмрэ инвестпроектхэр къызэригъэсэбэпамрэ къапэкIуэщ лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар, республикэм ику иту щат улахуэм, пенсэхэм зэрыхэхъуар, еджапIэщIэхэр, медицинэ IуэхущIапIэ зыбжанэ къызэрызэIуахар, ди къалэхэм, къуажэхэм я теплъэр зэрефIэкIуар, нэгъуэщI Iуэу дахэ куэди.

Абы и жэрдэмкIэ икIи езым и ахъшэкIэ иригъэщIащ Налшык дэт мэжджытыр, КъБР-р езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Фэеплъ аркэр, Кавказ зауэжьым (1763 - 1864) хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъыр, «Синдика» хьэщIэщыр, «Эльбрус» шхапIэр иджырей мардэм изагъэу зэригъэпэщыжащ. Зэыщ[I]игъэкъуа, зыдэIэпыкъуа цIыхухэм я бжыгъэр къэлъытэгъуейщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зиужьыным хьэлэлу зэрыхуэлэжьам папщIэ Къанокъуэм къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр: Зэныбжьэгъугъэм и орденыр (2007), «Хэкум и ЩIыхь» орденыр, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр (2010), «Мамырыгъэмрэ псапэ зыпылъ Iуэхухэмрэ папщIэ» дыщэ медалыр (2008).

## КIуэкIуэ Юрэ

*(2013 - 2018 гъэхэм - КъБР-м и Iэтащхьэ)*

Полицэм и генерал-полковник, УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и органхэм щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ КIуэкIуэ Юрэ Александр и къуэр зи Iуэхущ[I]афэкIэ зи пщIэр къэзылэжьыжа, жэуаплыныгъэ зыхэлъ цIыхущ.

Ар 1955 гъэм шыщхьэуIум и 13-м Налшык къалэм къыщалъхуащ. Ростов дэт къэрал университетым и юридическэ факультетыр 1979 гъэм къиухри, къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм щылажьэу щIидзащ.

1979 гъэм щегъэжьауэ 1987 гъэм нэсыху КъБР-м и МВД-м и уголовнэ къэлъыхъуакIуэ IэнатIэмрэ социалистическэ мылъкур зыдыгъухэм ебэныныкIэ и IэнатIэмрэ къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щиIыгъащ.

1987 гъэм щегъэжьауэ 1991 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Министрхэм я Советым и административнэ-финанс къудамэм и унафэщIу лэжьащ.

1991 гъэм щыщIэдзауэ 1995 гъэм нэсыху КъБР-м и МВД-м и криминальнэ милицэм и унафэщIым и къуэдзэу, Экономикэ щIэпхъаджагъэхэм ебэнынымкIэ управленэм и унафэщIу щытащ. 1995 - 1999 гъэхэм КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министрым и къуэдзэщ - криминальнэ милицэм и унафэщIщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛIыкIуэхэмкIэ и Палатэм тIэунейрэ (1993, 1997 гъэхэм) хахащ икIи абы Законодательствэмрэ шынагъуэншагъэмкIэ и комитетым и унафэщIу щытащ.

1999 гъэм Москва къалэм ягъэкIуахэм Урысейм и МВД-м и Къызэгъэпэщакlуэ-инспектор инспекцэ нэхъыщхьэм и инспектор нэхъыщхьэм и къулыкъум ягъэувэщ.

2003 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и МВД-м ЗэщIэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм япэщIэтынымкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIым и къуэдзэу, 2005 гъэм щыщIэдзауэ Урысейм и МВД-м ЗэщIэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм ебэнынымкIэ и департаментым и унафэщIым и япэ къуэдзэу щытащ.

2008 гъэм КIуэкIуэ Юрэ Урысейм и МВД-м Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ щIэуэ къызэрагъэпэща и департаментым и унафэщIу ягъэуващ.

2011 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм Урысей Федерацэм и Президентым и УказымкIэ полицэм и генерал-полковник КIуэкIуэ Юрэ Александр и къуэр УФ-м и МВД-м Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и управленэ нэхъыщхьэм и унафэщIу ягъэуващ.

2012 гъэм и фокIадэ мазэм щегъэжьауэ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ Урысейпсо институтым и унафэщIщ.

2013 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м КIуэкIуэ Юрэ Александр и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзэщIэну къагъэкIуэж.

КIуэкIуэ Юрэ 2013 гъэм и дыгъэгъазэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэу лэжьащ.

А зэманым къриубыдэу щIыналъэм щызэфIагъэкIар мащIэкъым: IуэхущIапIэщIэхэр къзунэхуащ, мэкъумэш IэнатIэр кIуэ пэтми йофIакIуэ, социальнэ Iуэхухэм гулъытэ ин ягъуэтащ, инвестицэ Iуэхухэм заужь, сымаджэщ, сабий гъэсапIэ, курыт еджапIэ, щэнхабзэмкIэ унэщIэ пщIы бжыгъэхэр къызэIуахащ. Къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр, абыхэм «Жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ зэфIэкI зэрыбгъэдэлъым папщIэ» медалыр, ЛIыхъужьыгъэ орденыр, «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр яхэту, къратащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Iуэху щIэкIэ зыщIэм и Iуэху мэкIуатэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр щыпсэухэм гупсэхугъуэ щагъуэту, илъэс къэс цIыху мин бжыгъэхэр нэгу зегъэужьакIуэ къакIуэу, къыщрахьэлIэ хадэхэкIхэмкIэ, пхъэщхьэмыщхьэхэмкIэ, щагъэхьэзыр ерыскъыхэмкIэ цIэрыIуэу къогъуэгурыкIуэ. Иджырей КъБР-м и Iэтащхьэ ахъырзэманхэм Урысейм пщIэшхуэ щаIэу, къэрал къулыкъу инхэр къыхагъэфащэу пIалъэ-пIалъэкIэ хуэлэжьащ я хэкум и зыужьыныгъэм.**

КIУЭКIУЭ Валерэ Мухьэмэд и къуэм, Къанокъуэ Арсен Башир и къуэм, КIуэкIуэ Юрэ Александр и къуэм зым илэжьам адрейм хигъахъуэу, цIыхубэр къахуэарэзыуэ а къалэн мытыншыр ирахьэкIащ. КIуэкIуэ Юрэ 2018 гъэм сентябрым и 26-м УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым лэжьапIэ ягъэкIуащ икIи УФ-м и Президент Путин Владимир и УказкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзэщIэну и пщэ иралъхьащ республикэм и мызакъуэу, УФ-м и Президентым и Администрацэми къулыкъу зэхуэмыдэхэм щыпэрытауэ лэжьыгъэм и пIалъэ зыщIэ КIуэкIуэ Казбек.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэу къыщIэкIынщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу, цIыху щыпкъэу, Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я зэIузэпэщыныгъэм хуэлэжьэным зи гъащIэр тезыхуха КIуэкIуэ Валерэ и къуэу зэрыщытым щхьэкIэ Казбек гугъапIэшхуэхэр ирапхыу цIыхубэр зэрыпежьар. Кавказ Ищхъэрэр щытыкIэ гугъу щита лъэхъэнэм лIыгъэ нэсрэ хахуагъэрэ КIуэкIуэ Валерэ къызэрызыкъуихар псоми ящIэж икIи хуэзфIэкI псори хилъхьащ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным, щIыналъэм мамырыгъэ ильыным, къэралыгъуэ зиIэж республикэ щхьэхуэр хъумэным. Абы ипкъ иткIэ, цIыхухэм я фIэщ хъурт КъБР-м и япэ Президенту щыщытам къызэринэкIа IуэхущIафэхэмрэ дуней тетыкIэмрэ и къуэми щапхъэ хуэхъуу дяпэкIи щIыналъэм зэрызиужьынур, абы и Iуэхухэм иджыри къызэрыпищэнур.

Гугъущ Валерэ къулыкъум щигъэува пщалъэм и лъагъыр къэплъытэну. Ауэ цIыхухэр зэрыщыгугъауэ къыщIэкIащ къуэри. Жэуаплыныгъэ зыпылъ къулыкъу лъагэр дзыхь зэрыхуащI махуэрэ и зэмани, къаруи, зэфIэкIи хэкурысхэм къахуегъэсэбэп.

КIуэкIуэ Казбек республикэм къызэрагъэкIуэжу и пащхьэ къит къалэнхэм я инагъыр зыхищIэу лэжьыгъэм пэрыхьащ. ИкIи и мурадхэр зригъэхъулIэн папщIэ IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, и пщэрылъхэм пэлъэщ, цIыху зэпIэзэрыт, лэжьыгъэмкIэ жэуап зэрихьыр зыхэзыщIэ, къыщIидза Iуэхур и кIэм нэзыгъэсыф лэжьакIуэхэр зыбгъуригъэуващ.

Казбек республикэм и IуэхущIапIэ зыбжанэм я унафэщIу зэрылэжьар, Налшык къалэ и округым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советымрэ КъБР-м и Парламентымрэ я депутату зэрыхахыгъар, КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министрым и къуэдзэ къалэным зэрыпэрытар куэдкIэ сэбэп къыщыхуэхъужащ иджырей IэнатIэм.

КъищынэмыщIауэ, УФ-м и Президентым и Администрацэм къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэм щылэжьащ ди Iэтащхьэр, Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм хыхьэ республикэхэм жылагъуэ-политикэ и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зытетхэр и нэIэ щIэту щытащ. Абы къыхэкIыкIэ, щIыпIэхэм къыщыхалъхьэ проектхэмрэ абыхэм щыщIэ гугъуехьхэмрэ кууэ хищIыкIырт, ди лъахэми, гъунэгъу хэгъэгухэми щыщыIэ псэукIэм, Кавказ Ищхъэрэ псом и Iуэху зыIутым фIыуэ щыгъуазэт. Арагъэнщ занщIэу лэжьыгъэм хуэIэижьу щIригъэжьари.

И къулыкъум щыпэрыхьэм цIыхухэр къызэригугъам тету нобэ мэлажьэ Казбек. «УФ-м и Президент Путин Владимир къысхуищIа дзыхьым щхьэкIэ фIыщIэ хузощI. Ар си дежкIэ зэрыпщIэшхуэм хуэдэ дыдэу, жэуаплыныгъэ ини пылъу къызэрыслъытэм шэч хэлъкъым. Си къалэныр згъэзэщIэн папщIэ си зэфIэкI себлэжынукъым, псом нэхърэ нэхъыщхьэр цIыхухэм я псэукIэр нэхъыфI тщIынырщ», - жиIат абы. Иужькlи къыхи-



гъэщащ и адэм, Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрыунэхурэ и унафэщIу щыта цIыху хахуэхэм, щыпкъэхэм, Iущхэм къыхуагъэна къалэнхэр игъэзэщIэн папщIэ и къаруи, и гуащIи, хуей хъумэ, и гъащIи зэрыщымысхьынур.

Казбек УФ-м и Къэрал Советым хэтщ, щIэх-щIэхыурэ яхуозэ федеральнэ министрхэм, къулыкъущIэхэм, УФ-м къыщызэрагъэпэщ зэIущIэ инхэм ирагъэблагъэ, хьэщIэ лъапIэхэр щыIэу ди лъахэми зэхуэсхэр щрегъэкIуэкI.

Иджыблагъэ КIуэкIуэр хуэзащ УФ-м и Президент Путин Владимир, хуиIуэтащ республикэм и ехъулIэныгъэхэри хъуэпсапIэхэри, зыхунэмысахэри игу щIэныкъуэхэри. Апхуэдэу щIэх-щIэхыурэ ди деж къоблагъэ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий. Апхуэдэ зэIущIэхэм IуэхуфI куэд къапокIуэ икIи мыбдеж щахузэфIэмыгъэкI гугъуехь щыIэмэ, хэкIыпIэхэр щаубзыху.

Нэхъыжьым и псалъэр зылъытэ, нэхъыщIэм гъэгу етыныр зи нэрыгъ Iэтащхьэр яхуозэ республикэм и жылагъуэм, нэхъыжьхэм, чэнджэщрэ ущиерэ къезыхьэлIэм йодаIуэ, зи щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм зэпымыууэ ядоIэпыкъу, къалэхэм, къуажэхэм кIуэурэ я псэукIэр зыхуэдэмрэ цIыхухэм я гурыгъу-гурыщIэхэмрэ зыщегъэгъуазэ, ухуэныгъэ щекIуэкI щIыпIэхэм лэжьыгъэр зэрыщызэтеублар и нэкIэ зрегъэлъагъу.

ЩIалэгъуалэм гъуазэу, щапхъэу яIэщ ди республикэ Iэтащхьэр жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Абы и телъхьэр куэд мэхъу, езыми щIэх-щIэхыурэ и деж кърегъэблагъэри, гъащIэм мурадышхуэхэр хузиIэ ныбжьыщIэхэр нэхъри трегъэгушхуэ. Абы гулъытэ хэха хуещI щIалэгъуалэр лэжьапIэ IэнатIэ IутыныIм, я увыпIэ гъащIэм щегъэгъуэтыным, я псэукIэр зэтраухуэнымкIэ ядэIэпыкъуным, я зэфIэкIхэм хагъэхъуэным хуэунэтIа Iэмалхэр къахуэзгъэпэщыным. Мис ахэр щхьэусыгъуэ хуэхъуащ иджыблагъэ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэ щхьэхуэ къыщIызэрагъэпэщами.

И къулыкъум зэрыпэрыувэрэ илъэс еплIанэр екIуэкIыу арами, хуэзфIэкIар мащIэкъым КIуэкIуэм. Абы зы махуи зигъэпсэхуркъым, уеблэмэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм къуажэхэр къызэхижыхьурэ жылэдэсхэм я гукъыдэжыр зыхуэдэр, я гуныкъуэгъуэхэр зрегъащIэ.

Политик набдзэгубдзаплъэхэм я къалэн нэхъыщхьэр - щIыналъэм и экономикэм зрагъэужькIэрэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр - иджырей унафэщIхэм къаззэрыдэхъур нэрылъагъущ. Республикэм щофIакIуэ псэуныгъэм ехьэлIа IэнатIэ псори, и чэзум гулъытэ хуащI къыкIэрыху лъэныкъуэхэми.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэсищэ ирикъунущ мыгувэу. Абы нэжэгужэу пежьащ цIыхубэр, республикэми екIурэ-ещхьу игъэлъэпIэнущ а махуэр. Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ а Iуэху дахэр КIуэкIуэ Казбек и къулыкъу пэрытыгъуэм зэрырихьэлIам къалэн нэхъыбэж къызэрыщищIыр къыджиIащ Iэтащхьэм, журналистхэм къыщытхуэзам.

- ФIыгъуэшхуэщ мыбы ис лъэпкъ псори зы лIэщIыгъуэ хъуауэ зы унагъуэ хуэдэу зэрызэдэпсэур, зэрызэкъуэтыр. Сытым дежи жызоIэ, ди тхыдэм уриплъэжмэ, зы Iуэхугъуи хэбгъуэтэнукъым дэ дыщIызэмызэгъынрэ дыщIызэкъуэмытынрэ ди зэхуаку къыдэхъуауэ. Абы нэхъри нэхъ ин, лъэщ дещI. Илъэсищэр си лъэжьгъуэм зэрыхуззар хуабжьу жэуаплыныгъэшхуэщ си дежкIэ. Ауэ нэхъыщхьэр а пIалъэм зыхуей хуззэу зрегъэхьэзырынырщ. Пэжщ, абы ирихьэлIэу гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр екIуэкIынущ, ауэ си лэжьэгъухэм яжесIэращи, IуэхукIэ, экономикэ зызыужькIэ дызыхуэарэзыжу дызэрынэсынращ нэхъапэр.

Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр сом мелард 60 хъууэ дрихьэлIащ илъэсищэм. 2019 гъэм и щIышылэм сэ къыхэслъхьауэ щытащ 2024 гъэм ди бюджетыр сом мелард 60-м нэдмгъэгъэс жысIэри. Экономистхэм, IэщIагъэлIхэм абы щыгъуэм къызжаIат апхуэдэ зыужьыныгъэ къэхъункIэ Iэмал зэримыIэр. Ауэ а бжыгъэм нэхъ пасэжу, 2022 гъэм, дыхуэкIуэфащ. Зэман гъунэгъум ар сом мелард 70-м зэрынэтхусыфынуми шэч хэлъкъым. Зи гугъу сщIыр республикэ ахъшэщ, инвестицэ хэмылъу. ЕхъулIэныгъэшхуэу къызолъытэ доллар мелуан 500-р илъэсищым къриубыдэу доллар зы мелард зэрытщIыфар. Фигу къэзгъэкIыжынщи, 2019 гъэм республикэ бюджетыр зэрыхъуу щытар сом мелард 29-рэщ. Си щхьэкIэ апхуэдэ экономикэ ехъулIэныгъэхэм нэхъ мыхьэнэшхуэ язот. А ахъшэр лъэныкъуэ псоми кIуэнущ, республикэм и зыужьыныгъэм телэжьэнущ, - жиIащ КIуэкIуэм.

Экономикэм нэхъ псынщIэу зегъэужьын зэрыхуейр щIэнэхьыщхьэр зэманым дыдэбэкъуэн, псынщIэу зызыхъуэж дунейм дыхэзэгъэн щхьэкIэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ ди республикэр зэи къикIуэтакъым, дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, иджыпстуи нэхъ псынщIэу зызыужьхэм хабжэ. Си фIэщ мэхъу КIуэкIуэ Казбек Iэтащхьэу щыщыт лъэхъэнэри Iуэху дахэ куэдкIэ республикэ тхыдэм къызэрыхэнэнур.

**ШЫПШ Даянэ.**

# Адыгэхэм Амман къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 ирикъуащ

• Тхыдэм щыщ



- ИОРДАН къэралыгъуэр къызэрыхъуам и тхыдэм тепсэлъыхьу ди къэралми нэгъуэщІ къэралхэми къыщыдэкІа тхылъхэм уащрихьэлІэркъым абы Іэпхъуа адыгэхэм я Іуэху лъэпкъ. АтІэми, иужькІэ Иордан къэралым и къалащхьэ хъуа Аммани абы и гъунэгъу къуажиблри адыгэхэм къызэрагъэпэщауэ щытащ. Британием и мандатнэ администрацэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, 1924 гъэм Трансиордан щІыпІэм щыпсэуащ адыгэу минипщІ, абыхэм яхэтащ шэшэну цІыху 85-м нэс, - етх щІэныгъэлІ Къущхьэбий Анзор.

- Езанэ дунейпсо зауэшхуэм щыгъуэ ИорданщІыбым щызэзэуащ инджылызыдзэхэмрэ абы ягухьа хьэрып къызэрыІэтахэмрэ зы лъэныкъуэу, тыркудзэхэмрэ адыгэхэмрэ зэгъусэу. 1918 гъэм и гъатхэпэмрэ фокІадэмрэ зауэхэр щекІуэкІащ Амман, Уади-Сир, Сууейлихь, Джэраш я деж. ФокІадэм и 24-м Амман дэкІыжащ яужь къина тыркудзэхэмрэ герман дзэ унафэщІхэмрэ.

Нэхъапэм ИорданщІыбкІэ зэджэу щытар Иордан псым къедза щІыпІэхэрщ. ФокІадэм и 25-м британыдзэхэм, зауэ гуащІэ ирагъэкІуэкІри, Амман яубыдащ. А махуэ дыдэм адыгэ тхьэмадэхэмрэ офицерхэмрэ зэхуэзащ. Тхьэмадэхэм жаІащ Амман тыркудзэхэр зэрыдэмысыжыр икІи зэгурыІуащ мамыру псэу адыгэхэм я гугъу ямыщІыну.

ИорданщІыбыр инджылызыдзэхэм яубыда нэужь, абыхэм къызэрагъэпэщащ британ кІэлъыплъыныгъэм щІэт автономнэ щІыпІэхэр: Аммани Джэраши дагъэтІысхьащ инджылыз чэнджэщэгъухэр. Ауэ унафэр зыІэщІэлъыр езы щІыпІэм щыщ тхьэмадэхэр арат.

1920 гъэм и щэкІуэгъуэм Сан-Ремо щекІуэкІа европей къэрал текІуахэм я конференцэм и унафэкІэ хьэрып щІыналъэхэр ягуэшащ. Мандат системэм ипкъ иткІэ, Лъэпкъхэм я Лигэм Иракымрэ Палестинэмрэ, ИорданщІыб щІыпІэри хэту, инджылыз къэралым иритащ. Инджылыз къэрал унафэщІхэм я мураду щытт ИорданщІыбыр щхьэхуэ ящІу къэралыгъуэ къыщызэрагъэпэщыну икІи абы и тепщэу хьэшимит лъэпкъым ящыщ ягъэувыну (хьэшимитхэр Мухьэмэд бегъымбарыр зыщыщу щыта лъэпкъырщ. Х лІэщІыгъуэм къыщыщІэдзауэ 1924 гъэм къэс а лъэпкъым щыщхэр Мэчэм и унафэщІу щытащ). А мурадыр ягъэзащІэкІэрэ, британ унафэщІхэр хуейт хьэшимитхэм ягурыІуэжыну. Хьэшимитхэри щІэкъурт КъуэкІыпІэ Гъунэгъум хьэрып къэрал къыщызэрагъэпэщыну. Абы нэмыщІ, францызхэм яІыгъ Сирием и щІыпІэхэмрэ журтхэм яубыд Палестинэмрэ я зэхуаку щІыпІэр зыІэщІалъхьэну я мурадт. 1920 гъэм и щэкІуэгъуэм Хьиджаз къикІри ИорданщІыбым къэкІуащ хьэшимит лъэпкъым щыщ шериф Хъусен и къуэ етІуанэ эмир Абдулыхь. Эмирри и гъусэхэри къыщыувыІащ Мэхьан и деж. Эмирым игъэІуащ езым а унафэм щыщу къэралыгъуэ къызэригъэпэщын мурад зэриІэр. ИужькІэ Иорданием и пащтыхь Абдулахь и гукъэкІыж тхылъым щитхыжащ ИорданщІыбым къызэрыкІуауэ щыта щІыкІэр, ауэ абы адыгэхэм я Іуэху лъэпкъ къыхигъэщакъым.

1921 гъэм гъатхэпэм и 2-м шэджагъуэм Амман къызэрысар, абы къыщызэхуэса, гъунэгъу щІыпІэхэм къикІ шейххэм зэрахэпсэлъыхьар къегъэлъагъуэ. Эмирым зэритхыжымкІэ, абы япэ дыдэу къыхуэзар Инджылыз къэралым и лІыкІуэу Амман дэс зиусхьэн Киркбрайдщ.

Иорданым щыпсэу адыгэхэм эмир Абдулахь къызэрыкІуа щІыкІэр фІы дыдэу зыщІэж яхэтщ икІи эмирым итхыжам ар техуэркъым. Адыгэхэм ятхам къызэригъэлъагъуэмкІэ, Мэхьан щызэхуэсауэ щыта хьэрыпхэм, бедуинхэм хуадакъым Абдулахь и мурадхэр икІи ар псынщІэу Мэхьан дагъэкІыжащ. Гъуэгу здытетым, эмир Абдулахь Амман и гъунэгъуу къыщыувыІащ. 1921 гъэм гъатхэпэм и 2-м адыгэ тхьэмадэхэм генерал Мирза-бей Уасфи Къумыкъу я пашэу эмир Абдулахь Амман кърагъэблэгъащ икІи жраІащ абы и хэщІапІэр Амман щиухуэну хуит зэращІыр. Дауэ мыхъуми, а зэманым Аммани абы къедза щІыпІэ псоми адыгэхэр щытепщэт. Абы къыхэкІкІэ, эмир Абдулахь адыгэхэм яхуэмызэу Амман блэкІынутэкъым.

1921 гъэм гъатхэпэм и кІэм Ерусалим щекІуэкІащ зэІущІэ, абы щызэпсэлъащ Инджылыз колониехэмкІэ министр Уинстон Черчиллрэ эмир Абдулахьрэ. Ахэр зэгурыІуащ Инджылызым и унафэм щІэту Абдулахь ибн Хъусен зи нэхъыщхьэ эмират Трансиордание къэралыгъуэ къызэрагъэпэщыну. ЗэгурыІуэныгъэм къызэригъэлъагъуэмкІэ, Инджылызыр мылъкукІэ къыдэІэпыкъуну икІи авиабазэхэр Трансиорданием щиухуэну и пщэ дилъхьэжащ. Палестинэм щыІэ комиссар нэхъыщхьэм и унафэм щІэту Британием и резидент щыІэн хуейуэ къагъэуващ.

Зэпсэлъэныгъэхэр яуха нэужь, эмир Абдулахь къежьэжащ икІи Сальт деж къыщыувыІащ. Эмирым Амман фІэкъуажэ цІыкІут, абы къэралым и къалэ нэхъыщхьэ щиухуэну зрипэсыртэкъым. Абы къыхэкІыу, мурад ищІащ нэхъ къуажэшхуэ къыхихыну икІи Сальт нэхъ фІэтэмэм хъуащ. Ауэ Сальт щыпсэухэм эмирым и мурадхэр ягу ирихьакъым икІи псынщІэу дагъэкІыжащ. Абдулахь гъуэгу теувэжащ. Амман щынэсым, абы и гъунэгъуу къыщыувыІащ.

Куэд дэмыкІыу, эмирым и деж къыщызэхуэсащ хьэрыпхэм, гъунэгъуу щыпсэу бедуинхэм я лІыкІуэхэр икІи къыжаІащ хьэшимитхэм я тепщэныгъэм зэрыхуэмейр, нэхъ псынщІэу ИорданщІыбым дэкІыжынуи эмирым паубыдащ. Абы къыхэкІыу, эмир Абдулахь и гъусэхэм унафэ яхуищІащ загъэхьэзырыжу Хьиджаз ягъэзэжыну. А Іуэху къэхъуар зэрызэхихыу, Мирза-бей Уасфи эмирым деж кІуащ икІи жриІащ Аммани и хъуреягъ щІыпІэхэри адыгэхэм зарейр икІи адрей лъэпкъхэр дэкІыж жаІэу эмирым едэуэну зыкІи зэрыхуимытыр. Абы иджыри зэ жриІащ эмирыр адыгэхэм къызэрырагъэблагъэр, къэралыщІэм и къалащхьэр Амман щиухуэну ахэр арэзы зэрыхъур. Абдулахь ар и гуапэ хъури, Амман къыщынащ икІи Трансиорданием и правительствэр къызэригъэпэщу щІидзащ.

Амман Трансиорданием и къалащхьэ щІыныр адыгэхэм къызэращтам щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэт. Япэрауэ, езанэ дунейпсо зауэшхуэр щекІуэкІа зэманым адыгэхэмрэ хьэрыпхэмрэ я зэхущытыкІэр зэІыхьат. Ар къызыхэкІар адыгэхэр тыркухэм зэрателъхьэр, хьэрыпхэр инджылызхэм зэрагъусэр арат. Адыгэ къуажэхэм бедуинхэр нэхъыбэрэ ятеуэ хъуат. А зэман зэхэзэрыхьам куэд мыхъу адыгэхэр дэІэпыкъуэгъу нэхъ хуэныкъуэт, я лъабжьэр ягъэбыдэн папщІэ. Абы къыхэкІыу, адыгэхэм нэхъ яфІэтэмэмт эмир Абдулахьрэ инджылыз администрацэмрэ ягухьэныр. Абы нэмыщІ, тыркухэр ИорданщІыб зэрикІыжрэ адыгэ куэд лэжьапІэншэу къэнат, лэжьыгъэ яІэжтэкъым административнэ лэжьакІуэу щытахэм, полицэ гупхэм хэтахэм, гъущІ гъуэгу лэжьакІуэхэм, нэгъуэщІхэми. КъэралыщІэм лэжьапІэ къритыну ахэр щыгугът. Абдулахь хущІэкъут адыгэхэр гъунэгъу къищІыну, зыбгъэдишэну. Адыгэхэм фІэкІа, Абдулахь и мурадыр зыми даІыгъатэкъыми, ахэр гъэзэщІэн хуейуэ лэжьыгъэшхуэ къыпэщылъхэм дэІэпыкъуэгъу къыщыхуэхъуну ящыгугът. Езы эмирым мащІэт гъусэу иІэр - цІыхуищэм нэсыртэкъым. Адыгэхэм зауэлІ полицэ гупышхуэ зэгъэпэща яІэт. Езы Мирза-бей и шуудзэр цІыху щиплІым нэсырт.

1922 гъэм фокІадэм и 16-м Лъэпкъхэм я Лигэм диІыгъащ Инджылызым къыхилъхьар - Трансиорданиер Палестинэ мандатым къыхагъэкІыу эмират «щхьэхуит» къызэгъэпэщыным теухуар. 1923 гъэм Палестинэм и комиссар нэхъыщхьэ Герберт Самуэль жиІащ Трансиорданиер къэрал щхьэхуиту къилъытэну Инджылызыр зэрыхьэзырыр. Эмират Трансиорданиер зэраухуэххэу, Абдулахь яужь ихьащ езым и дзэ зэщІэуэзэда къызэригъэпэщыну. Ар имыІэнкІэ Іэмал иІэтэкъым: къэралыщІэм и щІыналъэ зыбжанэм щыпсэухэм эмирым и унафэ щІэувэн ядэртэкъым. Трансиорданием и дзэ зэщІэуэзэдам лъабжьэ хуэхъуащ Мирза-бей и адыгэ шуудзэ гупыр. А гупыр, япэрауэ, эмирым и хъумакІуэ хъуащ, полицэм и къалэнхэри игъэзащІэу щІидзащ.

Дзэ къызэрагъэпэщым хагъэхьэну хьэрыпхэри ягъэхьэзыру щІадзащ, ахэр кърашырт эмирым къыхуэфІ щІыпІэхэм. КъэралыщІэм и дзэ зэщІэуэзэдахэр къызэгъэпэщынымкІэ гугъу зрагъэхьащ адыгэ офицерхэм. Япэрауэ, езы генерал Мирза-бей, адэкІэ Хьэтыхъу Абдул-Чэрим, Шарафуддин Яхья Рустум, Жанбэч Мухьэмэд, Хьалащтэ Саид, адрейхэми. 1922 гъэм и щІышылэм Трансиорданием и дзэхэм ящыщхэмрэ британ авиацэмрэ зэгъусэу ягъэмамырыжауэ щытащ Іэщэ яІыгъыу зыкъэзыІэта цІыхухэу Керак, Тафила щыпсэухэр. 1922 гъэм и бадзэуэгъуэм зэбграхужащ Іэщэ зыІыгъыу Аль-Къура щІыпІэм зыкъыщызыІэта хьэрып феллахьхэр. А хьэрыпхэр гъэбэяужыным хэта дзэхэм я унафэщІу щытар инджылыз офицер капитан Пикщ. А зауэм хэтащ адыгэ шуудзэхэри. ЦІыхухэм зыкъыщаІэта щІыпІэхэр ягъэмамырыжри, Амман и унафэм щІагъэувэжащ икІи абыхэм тезырышхуэ (контрибуцэ) тралъхьащ. 1923 гъэм фокІадэм и пэхэм хьэрыпыдзэ ягъэхьэзырамрэ адыгэ полицэ гупышхуэмрэ зэгуагъэхьэжри, Хьэрып легион ящІащ, офицер Фридерик Пик и унафэщІу. А легионым и бжыгъэр цІыху 1200-рэ хъурт.

1923 гъэм Абдулахь и тепщэныгъэр ямыдэу, Іэщэ яІыгъыу зыкъаІэтащ адуан хьэрып лъэпкъым, шейхъ СулъатІан Аль-Адуан я пашэу. Абыхэм гъусэ яхуэхъуащ Аль-Белка щІыпІэм шыпсэу бедуин лъэпкъри. ЗыкъэзыІэтахэм Амман къекІуалІэ гъуэгухэр яубыдащ. Абыхэм пагъэуващ Хьэрып легионыр. Адыгэхэм я зы гупым я пщэ иралъхьэжащ эмирым и лъапсэ Рагъэдан яхъумэну. Ар яубыдыну я мурадт зыкъэзыІэтахэм. Легионымрэ хьэрып зыкъэзыІэтахэмрэ зэзэуа нэужь, бедуинхэр ирахужьэжащ. Абыхэм я Іэтащхьэ СулъатІан Аль-Адуан щІэпхъуэжри, къэралым икІыжащ. 1926 гъэм Трансиорданием щІэуэ къыщызэрагъэпэщащ къэрал гъунапкъэр зыхъумэ дзэ лІэужьыгъуэ, инджылыз офицерхэм я унафэм щІэту. Абыхэм я офицерхэм я нэхъыбэр инджылызхэт. ИгъащІэм дзэ къулыкъур зыфІэфІ адыгэ щІалэгъуалэм и нэхъыбэр хыхьэу щІадзащ Хьэрып легионымрэ къэрал гъунапкъэхэр зыхъумэ дзэхэмрэ. Абы нэмыщІ, а дзэхэм къулыкъу щыпщІэным фейдэ пылът.

Абы хэтахэм иужькІэ къызэрагъэлъэгъуэжамкІэ, 1920 гъэм ипэхэм дзэхэм я Іыхьэ щанэр адыгэ щІалэгъуалэт, 1930 гъэм дзэхэм я Іыхьэ тхуанэр адыгэ офицерхэмрэ сэлэтхэмрэт. Инджылыз офицерхэм адыгэ зауэлІхэм яхуэфэщэн пщІэ къыхуащІырт икІи адыгэ щІалэгъуалэр яфІэфІу дзэм хагъэхьэрт. Полицэми адыгэ куэд хэтт. Эмирыр зыхъумэ гвардием адыгэ фІэкІа зыри хагъэхьэртэкъым. Гвардием и фащэу къащтар адыгэ фащэрат. КъэралыщІэм и административнэ къулыкъущІэхэми адыгэ куэд хагъэхьат. Осман къэралыгъуэм и унафэм щыщІэта зэманым щІэныгъэ зыгъуэта адыгэхэм къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щагъуэтащ къэрал ІуэхущІапІэхэм, къалэхэм я мэриехэм, къуажэ ІуэхущІапІэхэм.

1928 гъэм Трансиорданием и япэ конституцэм ипкъ иткІэ, адыгэ лъэпкъым щыщу депутатитІ хагъэхьащ хабзэкъызэгъэпэщакІуэ Советым и депутат 16-м. Британ мандатым и зэманым щыгъуэ къулыкъу нэхъ инхэр зыІыгъа адыгэхэм ящыщу къыубж хъунущ: адыгэхэм я унафэщІ генерал Мирза-бей (щылІар 1932 гъэрщ), ар Абдулахь эмирым и ныбжьэгъут икІи и япэ чэнджэщэгъут, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ къэрал Іуэхугъуэхэм япэ щІыкІэ эмирым хигъаплъэр арат; Гъумар Хьикмэт - къэрал полицэм и япэ унафэщІыр, 1931 - 1934 гъэхэм юстицэм и министру щытар, 1941 - 1942 гъэхэм ХабзэкъызэгъэпэщакІуэ советым и депутатар, сатумрэ мэкъумэш ІуэхухэмкІэ и министру, илъэс куэдкІэ эмирым и чэнджэщэгъуу щытар; Щауэкъат Хьэмид - 1925 гъэм полицэм и унафэщІу, ХабзэкъызэгъэпэщакІуэ советым и депутату 1941 гъэм щытар; Саид-паща Аль-Муфти - 1929 - 1934 гъэхэм ХабзэкъызэгъэпэщакІуэ советым и депутату, 1938 гъэм Амман и мэру, 1944 - 1949 гъэхэм, къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министру щытар; Фаузи АльМуфти - ХабзэкъызэгъэпэщакІуэ советым и депутату 1934 - 1937 гъэхэм, 1942 - 1947 гъэхэм щытар, Шейхъ Гъумар Лутфи Аль-Муфти - япэ дыдэу Трансиорданием ислъам институтыр (1921 гъ.) къыщызэзыгъэпэщауэ щытар, къэралым и муслъымэн дин ІуэхузехьэпІэм и унафэщІу 1921 - 1936 гъэхэм щыІар, нэгъуэщІхэри.

Британ мандатыр щыщыІа зэманым адыгэхэм я нэхъыбэм щІы куэд яІыгъащ Уэсмэн къэралым къаритауэ щытауэ. Адыгэ къуажэхэм щыІэт шы лъэпкъыфІ къэгъэхъуным елэжьхэр. Япэ дунейпсо зауэшхуэм щыгъуэ якъутауэ щыта Хьиджаз гъущІ гъуэгур ящІыжыну языныкъуэ адыгэхэр иужь ихьэри ар зэрагъэпэщыжащ икІи ар яхъумэныр къызэрагъэпэщащ. А зэманым Амман щІыпІэм щыпсэум я нэхъыбэр адыгэхэр арат икІи ахэр эмирым и щІэгъэкъуэн нэхъыщхьэт. Эмирым ар къыгурыІуэрти, абыхэм пщІэ яхуищІырт, адыгэ тхьэмадэхэр игъэныбжьэгъурт, Іуэху къаІэтмэ, яхыхьэрт. Британ мандатым и зэманым щыгъуэ Амман куэду къыдэтІысхьэу щІадзащ нэгъуэщІ щІыпІэхэм, къэрал гъунэгъухэм къикІ хьэрыпхэр. Ауэрэ адыгэхэр нэхъ мащІэу яхэплъагъуэ хъуащ. Дзэми хьэрыпхэр нэхъыбэ щыхъуат. 1939 гъэм Хьэрып легионым хагъэхьэжауэ щытащ къэрал гъунапкъэдзэхэр. ЕтІуанэ дунейпсо зауэшхуэм щыщІидзам ахэр цІыху 1350-рэ хъурт, ауэ а зауэшхуэм и кІэм деж я бжыгъэр цІыху 8000-м нэсащ. Адыгэ офицерхэмрэ сэлэтхэмрэ зэгъусэу я бжыгъэр Хьэрып легионым и Іыхьэ пщІанэ ирикъужыртэкъым. ЕтІуанэ дунейпсо зауэшхуэр щекІуэкІа гъэхэм инджылыз генерал Глабб зи унафэщІ Хьэрып легионыр къагъэсэбэпащ дэІэпыкъуныгъэ ІуэхухэмкІэ. 1941 гъэм и гъатхэм Легионым щыщ гупхэр хэтащ Иракым зыкъыщызыІэтахэр зыгъэбэяужахэм. 1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм Сирием и щІыпІэхэм ихьауэ щытащ. Легионым щыщ гупхэм аэродромхэр, коммуникацэхэр, нэгъуэщІхэри яхъумэрт. 1946 гъэм гъатхэпэм и 22-м Лондон Іэ щытрадзащ Инджылыз - Трансиордан зэгурыІуэныгъэм. Абы къызэригъэлъагъуэмкІэ, Лъэпкъхэм я Лигэм и мандатым и пІалъэр иухырт. Трансиорданиер къэрал щхьэхуиту къилъытэрт.

1946 гъэм накъыгъэм и 26-м Трансиордание эмиратым фІащащ Иордан Хьэшимит пащтыхьыгъуэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ**.

Щэнхабзэ



# ТІыхъужь Алий и цІэр фІащащ

**Ди республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъум, Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэм и Іэужьым и илъэсым, РСФСР-м, КъБАССР-м я цІыхубэ артист ТІыхъужь Алий къызэралъхурэ илъэси 105-рэ щыхъум ирихьэлІэу, Нартан дэт Щэнхабзэ уардэунэм ТІыхъужь Алий и цІэр фІащащ.**

А ІУЭХУ дахэм хэтащ Шэджэм щІыналъэ администрацэм и лІыкІуэхэр, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и цІыхубэ артист, композитор **ХьэІупэ ДжэбрэІил**, ди щІыналъэм щыцІэрыІуэхэу КъБР-м и цІыхубэ артист **Къуныжь Алимрэ** республикэм щІыхь зиІэ и артист **Думэн Мурадинрэ**. Абы кърихьэлІат ТІыхъужьым и бынхэу **Эммэрэ Альбертрэ**, артистым и творчествэр фІыуэ зылъагъухэмрэ и благъэ-Іыхьлыхэмрэ.

Шэджэм щІыналъэм и администрацэм и унафэщІ **Борсэ Юрэ** зэІущІэр къыщызэІуихым ТІыхъужьым Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Урысейм и щэнхабзэм хуищІа хэлъхьэныгъэм и гугъу ищІащ.

- Лъэпкъ щэнхабзэм зи цІэр щыпэрытхэм ящыщщ илъэс куэдкІэ утыкур зыгъэбжьыфІа ТІыхъужь Алий. Абы и цІэр театрым пэІэщІэу псэухэми яцІыхурт. Алий театрми киноми роль гукъинэж куэд щигъэзэщІащ. Абы и зэфІэкІ иным, гъащІэм кууүэ зэрыхищІыкІым я фІыгъэкІэ ар ІэщІагъэм хэзэгъам къыщымынэу, артист нэхъыфІхэм ящыщ зы хъуащ, къыхуащІ пщІэмрэ щІыхьымрэ къыпхуэмылъытэну инт. «ЦІыхур дунейм зэрытета илъэс бжыгъэр къэпщІэну ухуеймэ, ар дунейм ехыжа иужькІэ зэращІэж зэманыр къэбж», - жиІэрейт езы Алий. А псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ди лъэпкъэгъу цІэрыІуэм гъащІэ кІыхь къигъэщІащ. Быдэу си фІэщ мэхъу Нартан дэт ЩэнхабзэмкІэ унэм ТІыхъужь Алий и цІэр пщІэрэ щІыхьрэ пылъу зэрызэрихьэнур, - жиІащ Борсэм.

УФ-м и цІыхубэ артист, театрымрэ киномрэ я актёр ТІыхъужь Алий (1917 - 1995 гъгъ.) театрыр зыхилъхьэ щымыІэу фІыуэ илъагъурт.

ЗэфІэкІ инкІэ Тхьэр зыхуэупса артист щэджащэм Луначарскэм и цІэр зезыхьэ театр институтыр (Москва къалэ) къиухыу къигъэзэжа иужь, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщІидзащ. А ІуэхущІапІэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм, и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІахэм ящыщщ ар. Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр зыгъэбжьыфІа ТІыхъужьым и джэгукІэр, и утыку итыкІэр, къигъэщІа роль хьэлэмэтхэр цІыхубэм гукъинэж ящыхъуащ. Артистым жиІэр уи фІэщ мыхъункІэ Іэмал имыІэу театр дунейм, спектаклым ухишэрт. А и зэфІэкІ лъагэхэращ абы и цІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я тхыдэм дыщэ хьэрфхэмкІэ тхауэ къыщІыхэнар. Алий и гъащІэр хуэгъэпсауэ щытащ театр гъуазджэм гу къабзэрэ псэ хьэлэлкІэ хуэлэжьэным.

Иджыри къэнащ ТІыхъужь Алий щыджэгуа спектаклхэр, абыхэм я фэеплъ сурэтхэр, и лэжьэгъухэм, и Іыхьлыхэм, зыцІыхуу щытахэм я гукъэкІыжхэр. Ауанымрэ гушыІэмрэ я махуэм ирихьэлІэу илъэс къэс Налшык къыщызэрагъэпэщ ТІыхъужь Алий и цІэр зезыхьэ театр фестивалыр. Республикэ артистхэм къадэкІуэу, гъунэгъу щІыналъэхэм къикІа хьэщІэхэри абы зэрыхэтыр и щыхьэтщ артист цІэрыІуэм и цІэр лъэпкъ драмэ гъуазджэм и тхыдэм къызэрыхэнам.

ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр зыгъэбжьыфІа артист цІэрыІуэ, гушыІэ жанрым къыхуигъэщІа ТІыхъужь Алий къэзыцІыхуу щытахэм я гум нобэми илъщ.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**

# ФокІадэ зэІущІэхэр къызэІуах

Футбол



**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и епщыкІубгъуанэ джэгугъуэм хыхьэ зэІущІэхэр тхьэмахуэ блэкІам зэхэтащ.**

ФІОКІАДЭ мазэм и зэІущІэхэр къызэІуахащ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр быдэу щызыІыгъ «Автозапчасть»-мрэ турнир таблицэм и кІэух увыпІэхэм къыщызэтеувыІа «Кэнжэмрэ». ЗэпэщІэтыныгъэм къэрикІуэнур къэщІэгъуейтэкъым - зэрытемыгъэкІуауэ зы зэІущІэ закъуэ фІэкІа езымыгъэуха бахъсэндэсхэм я тепщэныгъэр ягъэкІуэдын мурад яІэтэкъым. Арати, зы топым адрейр къыкІэлъыкІуэу хэнейрэ кэнжэдэсхэм я жагъуэ ящІащ пашэхэм. ЗэІущІэм щэнейрэ къыщыхэжаныкІащ Бэчбо Мурат. ТопитІ дигъэкІащ КІыщ Залым, Бажэ Амири текІуэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуищІащ.

А махуэм Шэджэм ЕтІуанэ щызэхуэсащ «Къэбэрдеймрэ» «Ислъэмеймрэ». ЗэпэщІэтыныгъэр жыджэру, удэзыхьэхыу екІуэкІащ. Джэгум хухаха иужь дыдэ дакъикъэр иухыху, и щхьэр течауэ пхужыІэнутэкъым зэІущІэм кІэух хуэхъуну бжыгъэр. Зэхьэзэхуэр зэрыщІидзэрэ зы текІуэныгъэ закъуэ фІэкІа къыхуэмыхьауэ турнир таблицэм и кІэух дыдэ увыпІэм къыщына налшыкдэсхэм я командэм зыкъызэкъуихащ икІи, 2:1-уэ зэІущІэм щытекІуэри, зы лъэбакъуэкІэ турнир таблицэм къыщыдэкІуэтеящ. Я командэр апхуэдизрэ зыпэплъа текІуэныгъэр къыхуахьащ Кумыщ Анзоррэ ХьэщІэмыз Албэчрэ.

Джэгугъуэм и етІуанэ махуэм зэхуэзахэм ящыщу къыхэгъэщыпхъэщ «Родник»-мрэ «Шэджэм-2»-мрэ я зэІущІэр. Зэхьэзэхуэм и медалхэм жыджэру щІэбэн Псынэдахэм и командэм зи чэзу текІуэныгъэр зыІэригъэхьащ. Я унэ щрагъэкІуэкІа зэІущІэм хэгъэрейхэм бжыгъэшхуэкІэ щыхагъэщІащ еханэ увыпІэм щыту къакІуэ Шэджэм ЕтІуанэм и гупыр икІи зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм лъэбакъуитІкІэ зэуэ къыщыдэкІуэтейри, етІуанэ увыпІэр зэкІэ иубыдащ.

Апхуэдэ ехъулІэныгъэр псынэдахэдэсхэм къазэрыхукъуэкІам и фІыщІи хэлъщ «Урыхум». Анзорей щыІэу хэгъэрейхэм зымащІэкІэ къызэтрагъэувыІащ иджырей джэгугъуэм ещанэ увыпІэм щыту ирихьэлІа «Искра»-р. Топ дахэ куэдкІэ гъэнщІауэ щыта зэІущІэр зэрытемыгъэкІуауэ иухащ. «Урыхумрэ» «Искра»-мрэ тІорытІэ къыщыхэжаныкІащ Тэнащ Иналрэ Алиев Бэчхъанрэ, Іэпыч Алийрэ Багъэтыр Албертри топ зырыз я Іэдакъэщ ІэкІщ.

ФокІадэм и 4-м псыгуэнсудэсхэм ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и футбол командэ нэхъыщхьэм и щІалэгъуалэ гупыр. Абы 4:1-уэ щытекІуа налшыкдэсхэр, очко 31-рэ яІэу, етхуанэ увыпІэм дэкІуэтеящ. Апхуэдэ джэгукІэм тетмэ, хэт ищІэрэ, зэхьэзэхуэм и медалхэм ящыщ къалъысынкІи хъунщ «Спартак-Д»-м и футболистхэм.

КъыкІэлъыкІуэ текІуэныгъэ мащІэр зыІэригъэхьащ «Шэрджэсми». Ахэр Къэщхъэтау щыІущІат «ЛогоВАЗ»-м. Шэджэмдэсхэм я дежкІэ дыщэ пэлъытэ очко закъуэр къыхуахьащ топ зырызкІэ зэпэщІэтыныгъэм къыщыхэжаныкІа КІагъуэ Залымрэ Балобаев Амиррэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм и епщыкІубгъуанэ джэгугъуэм зэхэта зэІущІэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр кърикІуащ: «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **6:0**, «**Къэбэрдей**» (Налшык) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **2:1**, «**Урыху**» (Урыху) - «**Искра**» (Алътуд) - **3:3**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **1:4**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтІуанэ) - **5:1**, «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - **2:2**.

КъыкІэлъыкІуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зи чэзу зэІущІэхэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэдэджэгунущ: *фокІадэм и 10-м* - «Кэнжэ» - «ЛогоВАЗ», «Шэджэм-2» - «Къэбэрдей», «Искра» - «Автозапчасть»; *фокІадэм и 11-м* - «Шэрджэс» - «Родник», «Ислъэмей» - «Малка», «Тэрч» - «Псыгуэнсу», «Спартак-Д» - «Урыху» командэхэр.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Автозапчасть»** | **17** | **16** | **1** | **0** | **84-10** | **49** |
| **2. «Родник»** | **16** | **11** | **2** | **3** | **55-23** | **35** |
| **3. «Тэрч»** | **16** | **11** | **1** | **4** | **58-25** | **34** |
| 4. «Искра» | 17 | 11 | 1 | 5 | 54-40 | 34 |
| 5. «Спартак-Д» | 17 | 9 | 4 | 4 | 57-30 | 31 |
| 6. «Шэджэм-2» | 17 | 8 | 3 | 6 | 43-54 | 27 |
| 7. «ЛогоВАЗ» | 16 | 8 | 3 | 5 | 36-35 | 27 |
| 8. «Малка» | 16 | 8 | 0 | 8 | 44-37 | 24 |
| 9. «Урыху» | 17 | 6 | 3 | 8 | 43-50 | 21 |
| 10.«Ислъэмей» | 15 | 5 | 2 | 8 | 37-52 | 17 |
| 11.«Псыгуэнсу» | 17 | 4 | 2 | 11 | 35-66 | 14 |
| 12.«Кэнжэ» | 17 | 3 | 1 | 13 | 40-65 | 10 |
| 13.«Къэбэрдей» | 17 | 2 | 0 | 15 | 30-83 | 6 |
| 14.«Шэрджэс» | 17 | 1 | 3 | 13 | 22-68 | 6 |

# Пандэ абрагъуэр зи нагъыщэ

Махуэгъэпс



**ФокІадэм и 11-р ЦІыхуІэ зылъэмыІэса щІыуэпсым и дунейпсо фондыр (World Wide Fund for Nature) къыщызэрагъэпэща махуэщ.**

ШВЕЙЦАРИЕР зи хэщІапІэ Морже къалэ цІыкІум, ЩІыуэпсыр хъумэнымкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэр здэщыІэм, 1961 гъэм фокІадэм и 11-м щызэхаша WWF ІуэхущІапІэм, иужьым зи къудамэхэр къэрал куэдым къыщыунэхуам, къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжахэм ящыщщ дыщыпсэу ЩІы Хъурейм гъащІэм и хуэмэбжьымэу тет лъэпкъыгъуэ-теплъэгъуэхэр, къанэ щымыІэу, щыхъумэныр.

Зи гугъу тщІы къалэ цІыкІум къыщащта дэфтэрым зэрыратхауэ, сыт хуэдэ ахъшэм нэхъри нэхъыщхьэр псэущхьэрэ къэкІыгъэу ди планетэм текІуэдыкІыжхэр къызэтенэн, хъума хъун папщІэ, щІы Іыхьэхэр, Іэмалу щыІэр къэгъэсэбэпауэ, хэгъэунэхукІынырщ, хуей хъумэ, къэщэхунырщ, ахэр зезыхьэфын ІэщІагъэлІхэри къэщтэнырщ.

ЦІыхуІэ зылъэмыІэса щІыуэпсым и дунейпсо фондым зэрыщыжаІам тетщІыхьмэ, 1970 гъэм къыщыщІэдзауэ 2012 гъэм нэсыху ди планетэм псэущхьэ лІэужьыгъуэу тетам я бжыгъэр процент 58-кІэ нэхъ мащІэ щыхъуащ, псы мышыугъэм хэс лъэпкъыгъуэхэм я бжыгъэм процент 81-кІэ щыхэщІащ.

WWF ІуэхущІапІэм щылажьэхэми, ЩІы Хъурейм биологие зэмылІэужьыгъуагъэу тетыр зыдж адрей щІэныгъэлІхэми къызэралъытэу, ди планетэм и хыпси, и щІыгуи, псори зэхэту, щыхэбгъэунэхукІыфынущ экологие мыхьэнэ зиІэ «тэхъуанэу» 230-м нэблагъэр.

1962 гъэм зи гугъу тщІы фондым ди планетэм тет къэрал псоми захуигъэзащ «ХьэкІэкхъуэкІэхэр къегъэлынымкІэ дунейпсо къыхуеджэныгъэ» зыфІища дэфтэрым Іэ зэдыщІадзын зэрыхуейм хуиущийуэ. А щІыкІэм тету дунейм къытехьа тхылъыр зэрызэхэгъэщхьэхукІа Іыхьиблым (параграфхэм) ярытхэри гъэщІэгъуэнщ:

Япэм дунейм цІыхуу тетым захуегъазэ, хьэкІэкхъуэкІэхэр зэтеукІэныр дэнэ щІыпІэкІи къыщызэтегъэувыІэн зэрыхуейм ехьэлІауэ.

ЕтІуанэм трегъэчыныхь псэущхьэхэр нэхъ хъума щыхъун, щыбэгъуэн хуэдэу, щІы хэхахэр хэгъэгу псоми къызэрыщызэгъэпэщыпхъэм.

Ещанэ параграфыр топсэлъыхь зи гугъу тщІы псэущхьэ щхьэхуитхэм зэрымыщІэкІэ е унафэ гуэрым тету я псэр ягъэныныр дэнэ лъэныкъуэкІи къыщызэтегъэувыІэн зэрыхуейм.

ЕплІанэ Іыхьэм щыгъэбелджылащ къытщІэхъуэ щІэблэр, псом хуэмыдэжу ди сабийхэр дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщекІуэкІхэм гудзакъагъэ кІэлъызэрахьэрэ лъагъуныгъи хуаІэу щыгъэтынымкІэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр абыхэм сытым дежи зэрадегъэкІуэкІыпхъэр.

Етхуанэр теухуащ и ІуэхущІафэхэмкІэ, и дуней тетыкІэмкІэ щІыуэпсым гъунэгъу зыхуэзыщІ дэтхэнэри дыкъэзыухъуреихь дунейр, зэрырихьэлІауэ, къызэтригъэнэн зэрыхуейм егъэгупсысыным.

Еханэм къыщыгъэлъэгъуащ хьэкІэкхъуэкІэхэр нэхъ къыщызэтена щІыпІэхэу лъэпкъ цІыкІухэр зэрысхэм, ахэр щахъумэнымкІэ сыт и лъэныкъуэкІи защІэгъэкъуэн зэрыхуейр.

Ебланэм, къытригъэзэж щІыкІэу, щыжеІэ ЩІы Хъурейм къэралу тетым щхьэхуиту щыпсэу хьэкІэкхъуэкІэхэр щызэтрамыукІэу къыщегъэлынымкІэ щрагъэкІуэкІ ІуэхущІафэхэр дэнэ лъэныкъуэкІи зэрыщызэщІэгъэуІуапхъэр.

ЦІыхуІэ зылъэмыІэса щІыуэпсым и дунейпсо фондым УФ-м лэжьэн щыщІидзар 1994 гъэращ. Мы зэманым WWF-м ди къэралым щыпхигъэкІ проект 50-м щІигъум яхэтщ мэзым, хым хэс псэущхьэхэр хъумэным яхуэгъэзахэри, щІыдагъэмрэ газымрэ я къыщІэхыкІэр щІыуэпсым емыгуауэу къызэгъэпэщын зэрыхуейм теухуахэри, нэгъуэщІ абы хуэдэхэри.

WWF-м и нагъыщэу ягъэуващ пандэ абрагъуэр (Китайм «мыщэджэду», «мыщэ-къуэлэн» зыхужаІэ псэущхьэр).

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**




# Сабий унагъуэм къихъуамэ

Хабзэ



Адыгэхэм мыхьэнэшхуэ иIэу къалъытэу щытащ сабийр зрапIыкI гущэм - ар къызыхэщIыкIа пхъэм деж къыщыщIэдзауэ зыщIамкIэ иухыжу. Пхъэ угъурлыуэ ябжырт кхъужьейр, бжейр, Iэнейр, псом хуэмыдэу хьэмкIутIейр. Гущэ Iэдий, гущэ лъэгу хуэдэхэр хьэмкIутIейм къыхащIыкIмэ, нэхъ къащтэрт. Адыгейхэм нэхъ пхъэ махуэу жыхуаIэр кIей, тIушэ, жыгей хуэдэхэр арат, ауэ абыхэми хьэмкIутIейм къыхэщIыкIа пхъэбгъу пIащIэ щимэ цIыкIу гущэкъум фIадзэрт.

ХьэмкIутIей гущэм ирапIыкI сабийр насыпыфIэ, Iумахуэ хъуну къалъытэрт. ФIыуэ ялъагъуртэкъым бэрэжьейм къыхэщIыкIа гущэ. Иджыри цIыху гъуэлэгъуасэ, тэмакъкIэщI ирихьэлIамэ, ди нэхъыжьхэм жаIэ: «Уи, лIэун, бэрэжьей гущэ урапIыкIа нэхъей».

Сабий къалъхуагъащIэм адыгэхэм гуфIэгъуэ, тхьэлъэIу иращIэкIыу щытащ. Апхуэдэ унагъуэм щIалэ кърахуамэ хугу хьэжыгъэ фокIэ пщауэ ягъажьэрти, яшхырт, я гъунэгъухэм хурагъэхьырт, ди щIалэр къуэгъу, жыIэщIэ, жыджэр хъуну фытхуэхъуахъуэ, жаIэрти. Дунейм къытехьа дзадзум и гъащIэр кIыхь хъун, узыншэн щхьэкIэ кхъуейплъыжькIэрыщIэ ящIырт.

Сабийм и дзэхэр къэкIыу щIидзамэ, абы и анэшхуэм хугу хуигъэпIэнкIырт: «Тхьэм псынщIэ ищI, мыпхуэдэу Тхьэм къыхигъэщэщ» жиIэурэ. Дзэ Iухуар дамащхьэ ижьымкIэ щхьэпрадзу унэм е гуэщым драдзеин хуейуэ къалъытэрт, мы псалъэхэр жиIэурэ: «Гъущ фIамыщI, кхъуейм егъэжь, лыжьым IуещIыкI, дзэжьыр узот, дзэщIэ къызэт». Абы щыгъуэми сабийм и дзэ Iухуам щIигъун хуейт фIамыщI тыкъыррэ шыгъу кIанэ цIыкIурэ.

Мыри гъэщIэгъуэнт. Сабийм и дзэр Iухуа нэужь, ар здыIутам деж дзэлым куэдрэ емыIусэну ягъэIущырт: «УеIусэмэ, дзэщIэр къэбкъитхъуу къэкIыжынущ, щынэдзэ цIыкIум и пIэкIэ, дзэмыкъ ухъунущ», - жаIэурэ. Зэрахузэфlэкlкlэ адыгэхэр сабийм и узыншагъэми хуэсакъыу щытащ. Ар щахъумэрт жьэнпэпкъ ныбэ узым, ныбажэ хъуным, щIыIэ хыхьэным.

Шхыныгъуэ

# Бжьыныху шыпскIэ гъэбэкхъа лы



Былымыл щабэ дыдэр псы щIыIэкIэ ятхьэщI, ягъэжэпхъри, грамми 10 - 15 хъу тыкъыр цIыкIуурэ яупщIатэ. Тебэм тхъу иракIэри, градуси 150 - 160-м нэсу къагъэплъ, лы тыкъырхэр абы халъхьэри, зэIащIэурэ зы дакъикъэ хуэдэкIэ ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хъуху. ЗэрызэIащIэм хуэдэурэ абы щIакIэ шатэкIэ щIа бжьыныху шыпс, шыбжий хадзэ, мафIэр цIыкIу ящIри, и щхьэр тепIауэ хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Шыуаныр пэшхьэкум къытрах, джэдгын хаудэ, шыуанышхьэр трапIэжри, дакъикъи 4 - 5-кIэ щагъэт.

*Бжьыныху шыпсым щхьэкIэ:* бжьыныхур шыгъу хэлъу яуб, шатэ хакIэри зэIащIэ.

Пщтыру яшх. ПIастэ хуабэ, чыржын, хьэлIамэ докIу.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*

лыпцIэу - г 400,
тхъуузэ - г 100,
шатэу - г 150-рэ,
бжьыныхуу - г 15,
шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

Псалъэжьхэр

# Гум фIэIэфIыр нэм фIэдахэщ

**♦А сигу, зыIэжьэ, а си жьэ, зыубыд.**
**♦Абдж щыкъуейм лъапцIэу ухэмыувэ.**
**♦Закъуэныгъэ нэхърэ - Iэл къыбдис.**
**♦Абы бгым зыщидзыжмэ, уэ вийкIэ увэну?** *(«Умыфыгъуэ, умыижэ» жыхуиIэщ).*
**♦Гум фIэIэфIыр нэм фIэдахэщ.**
**♦Нанэм щIыгъур дадэщ.**
**♦Адыгэ и хьэщIэ быдапIэ исщ.**
**♦Нэгум щIэтыр нэм хуэдэщ.**
**♦АдрыщIым ущIэдэумэ, мыдрыщIыр къыплъысынщ.**
**♦Жьы зэрымысым нэмыс илъкъым, щIэ зэрымысым насып илъкъым.**
**♦Ажалым пхъуантэ кIуэцIыми укъыщигъуэтынщ.** *(«Умыкъэрабгъэ» жыхуиIэщ).*

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Жыг къэтIэпIам и нэщэнэ. **5**. Джэд лъакъуэрэ ... лъакъуэрэ зыубыда щыIэ? **6**. Сэхуран купщIэм, дэ купщIэм къыхащIыкI IэфIыкIэ. **7**. Пхъэ шынакъ щащIкIэ и кIуэцIыр зэрагъэтэмэм, дзитI зыIут Iэмэпсымэ. **8**. Пхъэ ... **9**. Бдзэжьей къызэраубыду щыта матэ кIыхь, сэмб теплъэ иIэу. **14**. Тэрч щIыналъэм щыIэ къуажэ. **15**. Бжьыхьэр ... пылъэлъыжыгъуэщ. **16**. ЩIыпIэ хуабэхэм щыIэ хьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэ. **18**. Къыдалъхуауэ, цIыхум и щIыфэм хэс, хэт. **20**. Ди къэралым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ. **22**. Адыгэ лъэпкъыр къызытехъукIахэм ящыщ пасэрей лъэпкъыжь. **23**. ГъэшхэкI. **24**. Купкъ зэрылъ пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь-фIыцIафэ цIыкIу.

***Къехыу:*** **2**. Шы кIуэкIэ, ущ хуабжь. **3**. ЩIакхъуапхъэ. **4**. Гъавэ е хадэхэкI трасэну ягъэхьэзыра щIы. **5**. ПIалъэкIэ зыгуэрым къыIаха хьэпшып, Iэмэпсымэ. **10**. Данэ щэкI пIащIэ. **11**. Жьэгум хэщIыхьа тегъэувапIэ. **12**. БгитI зэхуаку. **13**. ... зэрыхьэ бей мэхъу. **16**. УхуакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **17**. Зауэ хуэIухуэщIэм теухуауэ къызэрагъэпэща, къэрал 30 зыхэт, ди хэкум къыпэщIэт зэгухьэныгъэ. **19**. КIуащ БетIал и поэмэ. **21**. Ефэндым ... итащ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**



**ФокIадэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***Къехыу:*** **1**. КъуанщIэ. **2**. Къэрэгъул. **3**. Чынт. **5**. Удзыфэ. **9**. Гъуагъуэ. **10** Лъахъш. **13**. Шэмэдж. **14**. Ичынды. **16**. Уафэгу. **17**. Хъурмэ.

***ЕкIуэкIыу:*** **4**. ЛаскIэ. **6**. Набдзэ. **7**. Шэнт. **8**. Тхьэгъу. **11**. МафIэгу. **12**. Пшагъуэ. **15**. Шухьэ. **17**. Хъурыгу. **18**. Къэлэр. **19**. Дэлэн.

# Гъуаплъэ хьэкъущыкъукIэ тхъу зэрахьэркъым

Чэнджэщхэр

●ДжэдыкIэ ивыкIар псынщIэу псы щIыIэм хэплъхьэмэ, и фэр текIыгъуафIэ мэхъу.
●Тхьэв япщам и щхьэм Iэмал имыIэу хьэжыгъэ траудэ е щэкI трапхъуэ. Апхуэдэу умыщIмэ, тхьэвыр къэтэджыгъуей мэхъу, и щхьэри тогъукI.



●Пщагъэр псы хуабэпцIкIэ зэIах, хуабагъыр градус 27 - 32-рэ хъууэ. Псы щIыIэкIэ пщагъэр ягъэткIумэ, тхьэвыр тэджыгъуей мэхъу, псывэIуэ ящIмэ - пщагъэр хэкIуэдэнущ.
●Гъуаплъэ хьэкъущыкъукIэ тхъур зэрахьэркъым, абы щIэх щызэIохьэри.
●Хьэжыгъэр (нартыху хьэжыгъэри, гуэдз хьэжыгъэри, нэгъуэщIри) шхыныгъуэ къыхащIыкIын ипэ къиихуэу Iэмал имыIэу кхъузанэкIэ яухуэнщI, жьы щIихун щхьэкIэ.
●ГъэшхэкIхэр нэхъ куэдрэ зэIыхьэркъым, зэрыт хьэкъущыкъур бинткIэ щхьэщыпхыкIауэ щIыIэпIэ бгъэувмэ.
●Къэбыр щагъавэкIэ псы куэд щIакIэмэ, цIынэ мэхъу, и IэфIри щIех.
●КIэртIоф укъэбзар псы щIыIэм хэлъмэ, фIыцIэ хъуркъым.
●КIэртIоф пIастэ ящIыну кIэртIоф гъэвар бэлагъкIэ яуб. Иджы нэхъыбэм кIэртIоф гъэвар лыхьэжым щIагъэкI хъуащ. Ар нэхъ псынщIэу зэфIэкI щхьэкIэ, абы кIэртIоф пIастэр фIыцIэ ещI икIи витамин С-р егъэкIуэд.
●ДжэдыкIэр щаудэкIэ ар зракъутэр хьэкъущыкъу лащ.
●Нартыху хьэжыгъэр куэдрэ щылъмэ, дыдж къыщIохьэ икIи хьэпIацIэ хещIэ.

**КЪУБАТИЙ Борис.**







# Налшык къалэ-курортым зэрызиужьащIар

УРЫСЕЙ Федерацэм и хэгъэгу псоми езыхэм я щхьэхуэныгъи къулеигъи яIэжщ. Хэти тхыдэкIэ, хэти щэнхабзэкIэ, нэгъуэщIхэр экономикэкIэ хуэщIащ.

Кавказ Ищхъэрэр къапщтэмэ, ар и зыгъэпсэхупIэхэмрэ нэгу зегъэужьыпIэхэмкIэ къэрал псом цIэрыIуэ щыхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бгъэдэлъ фIагъхэм ящыщщ апхуэдэ щIыпIэ дахэ, бей, хьэуа къабзэ, щIыуэпс щхъуантIэ, псы хущхъуэ зэриIэр.

Иджыри XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм зыплъыхьакIуэхэр къыдихьэхыу щыташ ди хэкум. ЩIыналъэмрэ щIыуэпсымрэ нэмыщI, хьэщIэхэр итхьэкъурт мыбы ис лъэпкъхэм я хабзэм и зэхэлъыкIэм, щэнхабзэм и беягъым.

КавказымкIэ зи гупэр къэзыгъазэ дэтхэнэри, шэч хэмылъу, дэзыхьэхыр Iуащхьэмахуэщ. Абы нэмыщI цIыхухэм ягу ирихьу я нэгу зыщрагъэужь Шэджэм псыкъелъэхэм, Гуэл щхъуантIэхэм. Ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и турист, зыгъэпсэхупIэ центр нэхъыщхьэр, дауи, абы и къалащхьэ Налшыкщ. Уеблэмэ иджырей жыIэкIэу къэбгъэлъагъуэмэ, Налшык Къэбэрдей-Балъкъэрым и брендщ. А брендым лъабжьэ хуэхъур зихуэдэ щымыIэ къалэ зыгъэпсэхупIэ ахъырзэманхэрщ. Дэнэ-тIэ а псори къыщежьэр...

1928 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр облисполкомым Налшык зыгъэпсэхупIэ щIыпIэу зэрыщытымкIэ унафэ къищтащ икIи туризмэмрэ экскурсиемкIэ зэгухьэныгъэ къызэрагъэпэщащ. Мыбдежым къыщыжыIапхъэщ, архив дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, Налшык зыщыбгъэпсэхуну зэрыфIыр Урысейм нэхъ пасэжу къыщащIауэ зэрыщытыр.

ЕпщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и кIэухым - етIощIанэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Налшык и зыгъэпсэхупIэхэр зыужьыныгъэщIэм техьащ. И щIыуэпсым и къулеягъымрэ хьэуам и къабзагъымрэ къыхэкIыу сымаджэхэр къикIырт Москва, Санкт-Петербург, Урысейм и нэгъуэщI къалэхэм. Уеблэмэ язынықъуэхэм щIы кIапэ къащэхуурэ Затишье, Долинск хьэблэхэм унэ цIыкIухэр иращIыхьырт.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, зэгуэрым Налшык километрищкIэ пэжыжьэу Долинская Екатеринэ Пётр и пхъум щIым елэжь гуп зэхуишэсауэ щытащ. Илъэс зытIущ фIэкIа зэхэмытами, ар зейуэ щыта Долинскэм и цIэр къыщинащ



а щIыпIэм. ЯпэщIыкIэ Долинск къутыру щытащ, итIанэ дачэ жылэ хъуащ, иужькIэ, зыгъэпсэхупIэхэр зэрыт щIыпIэм цIэуэ къыхуэнащ.

А щIыпIэм кIэлъыплъым, иращIэнум егупсысурэ 1917 гъэм революцэр къэхъеящ. Абы къыкIэлъыкIуа зэхъуэкIыныгъэхэмрэ лъэпощхьэпохэмри зэран хуэхъуакъым зыгъэпсэхупIэм зиужьыным. 1920 гъэм Долинск щыIэ дачэхэм цIыху 36 - 40 зыщIэхуэ зыгъэпсэхупIитI къыщызэIуахащ. 1921 гъэм зэгурыIуауэ япэ зыгъэпсэхуакIуэхэр къэкIуащ, ахэр Совет республикэм и лэжьакIуэхэрт.

1927 гъэм жьэн узыфэр зыпкърытхэм щакIэлъыплъ, гъуэлъыпIэ 70 зыщIэт зыгъэпсэхупIэ къызэIуахащ. Апхуэдэ сымаджэхэм хуабжьу сэбэп яхуэхъунут ди щIыуэпсыр. Санаторэм и дохутыр нэхъыщхьэу ягъэуващ Лепешинская Ольгэ. Аращ курорт Iуэхур Налшык щызэтезыублари. Ольгэ и щхьэгъусэр и гъусэу Налшык зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуауэ щытащ етIощIанэ гъэхэм я пэщIэдзэм. ИкIи занщIэу и нэм къыIуидзащ курорт щIыпIэ телъыджэу зэрыщытыр.

Ауэрэ 1936 гъэм РСФСР-м и Совнаркомым Налшык и зыгъэпсэхупIэр федеральнэ мыхьэнэ зиIэ бальнеологие курортхэм яхибжащ. А зэманым щIыпIэм езым и псы хущхъуэ къыщыщIэжырт уефэ хъууэ. Апхуэдэуи Тамбукъан гуэлым ятIэ хущхъуэ кърашу ирагъэжьащ.

## ЦIыху цIэрыIуэхэм я нэгу зыщрагъэужьырт

НАЛШЫК зыгъэпсэхупIэм щIэгъэхуэбжьауэ зиужьын щыщIидзар РСФСР-м и Министрхэм я Советым 1959 гъэм къыдигъэкIа унафэм иужькIэщ: «Налшык курортым и зыужьыныгъэм, зыгъэпсэхупIэ базэхэр къызэгъэпэщыным, Iуащхьэмахуэ лъапэ туризмэмрэ альпинизмэмрэ щызэтеублэным теухуауэ».

ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм и пщIей гъэхэм Налшык и зыгъэпсэхупIэхэм хуабжьу заужьат. Ди къэрал абрагъуэм и щIыпIэ куэдым къикI зыгъэпсэхуакIуэ мин бжыгъэхэм Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэрт санаторэ 15-м, пансионати 3-м, зыщагъэпсэху унэхэм. Зэгъэпэщауэ лажьэрт «Грушевая роща», «Октябрь» пансионатхэр, «Горный родник», «Голубые ели», «Долина нарзанов», «Дружба», «Кавказ», «Лебедь», «Ленинград», «Маяк», «Нарзан», «Нартан», «Терек», «Эльбрус» «Нальчик», Кировым и цIэр зезыхьэ, Къалмыкъым и цIэр зезыхьэ санаторэхэр, «Радуга» сабий санаторэр, «Алмаз», «Электрон» санаторэ-профилакторэхэр, нэгъуэщIхэри.

Ди курортым дохутыр 400 щылажьэрт. Налшык и санаторэхэм 1958 гъэм - цIыху 36000-рэ, 1968 гъэм - цIыху 80000, 1971 гъэм цIыху мини 100-м зыщагъэпсэхуащ. Илъэс зэхуэмыдэхэм Налшык щыIащ цIыху цIэрыIуэхэу Балакирев М. А., Шаляпин Ф. И., Гиляровский В. А., Фадеев А. А., Лепешинская О. В., Марко Вовчок, Совет къэралыгъуэм и унафэщIхэр, космонавтхэр, артистхэр, нэгъуэщIхэри.

1999 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м УФ-м и Правительствэм ищIа унафэм тету федеральнэ мыхьэнэ зиIэ «Налшык» курортым и хабзэхэр зэрыт дэфтэр къыдэкIащ. 1997 гъэм Дунейпсо бальнеологие ассоциацэм и зэIущIэу Париж щекIуэкIам къилъытащ Налшык курортым дунейпсо мыхьэнэ зэриIэр икIи дыщэ медаль къыхуагъэфэщащ. Нобэр къыздэсым «Налшык» зыгъэпсэхупIэм хиубыдэ санаторэхэм къыщагъэсэбэп ди щIыпIэм фIэкIа щымыIэ псы хущхъуэхэр, хьэуа къабзэр, щIыуэпс къызэрымыкIуэр. Мыбы къыщыщIож икIи къыщагъэсэбэп йодрэ бромрэ, азот, сероводород зыхэлъ псыхэр, Тамбукъан гуэлым кърашт ятIэ хущхъуэр.

## Ноби зыгъэпсэхупIэ телъыджэщ

«НАЛШЫК» курортыр илъэс псом зэпымыууэ гъэмахуи щIымахуи мэлажьэ. Ди республикэм и щIыпIэ нэхъ дахэ дыдэм хуэзэ зыгъэпсэхупIэхэр зыхуэбгъадэ хъун щыIэкъым. ЛъэныкъуищкIэ мэз жыгкIэ къэухъуреихьащ. Ар а щIыпIэм фIэкIа щымыIэ хьэуа къабзэм и сэбэпщ, цIыху Iэпкълъэпкъыр хуабжьу зыхуэныкъуэщ. Мыдрей лъэныкъуэмкIэ гуэл щхъуантIэхэр зэрыт жыг хадэ абрагъуэр щыукъуэдиящи, нэми псэми я IутIыжщ. ЗыгъэпсэхупIэр зэрыщыту къапщтэмэ, гектар мини 2 мэхъу, абы и нэхъыбэр мэзрэ жыг хадэрэщ. ЩIымахуэр щыIэ дыдэ хъуркъым, гъатхэр пасэщ, кIыхьщ, гъэмахуэр дыгъэ бзийхэмкIэ бейщ, уэшхри щIэхщIэхыурэ къошх, бжьыхьэр хуабэщ, гъущэщ, дыгъэпсщ.

Налшык курортым минерал зыхэлъ псы къыщIэжыпIэу 18 иIэщ, зы жэщ-махуэм псы литр мелуан 12 къыщыщIэжу. Абы уефи зытебгъэлъади мэхъу.

Къэбгъэлъагъуэмэ, 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и санаторэ-курорт комплексыр къагъэщIэрэщIэжа нэужь, нэхъ еужьэрэкIыу зиужьын щIидзащ. «Налшык» курорт» ОАО-м и акцэм и процент 74,9-р республикэм IэщIэлъщ, адрейр УФ-мрэ КъБР-мрэ я Профсоюзхэм яйщ. Илъэс къэс а IуэхущIапIэм мылъку мымащIэ хелъхьэ зыгъэхъужыпIэхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ зыхуей хуэгъэзэным, санаторэм и къалэн псори ягъэзэщIэфу, цIыхухэм сэбэп яхуэхъуу лэжьэным. Абы цIыхухэм зэрыщеIэзэм и фIагъыр къегъэлъагъуэ узыфэ хьэлъэ зыпкърытахэр нэхъ псынщIэу зэрызэтригъэувэжым, нықъуэдыкъуэхэм я бжыгъэр процент 25 - 30-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъум.

«Налшык» курорт» ОАО-р дунейпсо, урысейпсо форумхэм хэтщ икIи сыт щыгъуи гулъытэншэу къанэркъым. Абы цIэ лъагэхэри дамыгъэ лъапIэхэри мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ. Уеблэмэ, Сочэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэ иным «ЗыгъэпсэхупIэ-зыгъэхъужыпIэ зэгухьэныгъэхэм я нэхъыфI» унэтIыныгъэм и дамыгъэ нэхъыщхьэ дыдэр - дыщэ медалыр - къыщихьауэ щытащ.

Налшык и зыгъэпсэхупIэхэм укъэкIуэнуи, ущыIэнуи, укIуэжынуи тыншщ. Къалэкум ит санаторэхэм кхъухьлъатэм, мафIэгум укъикIа нэужь, дакъикъэ бжыгъэм унэсыфынущ, гъущI гъуэгури, аэропортри къалэм дэтщи. ГъущI гъуэгу вокзалыр инщ, абы зэуэ цIыху куэд къыщызэтрихьэми, щызэблэкIыфынущ. Ди аэропортым дунейпсо мыхьэнэ иIэкъым, ауэ илъэсым къриубыдэу цIыху мин 500 щызэблокI, езыр цIыкIущ, ауэ тыншу икIи псынщIэу Налшык укъыщыхутэнымкIэ сэбэпщ. Къалэм пэмыжыжьэу блокI къэралым и адрей щIыпIэхэм уапызыщIэ гъуэгушхуэри. НобэкIэ къапщтэмэ, санаторэхэм я бжэхэр зэIухащ. Ахэр илъэс хъурейм зэпымычу мэлажьэ, ауэ цIыху нэхъыбэ къыщекIуалIэр гъэмахуэ мазищырщ. 2019 гъэм «Налшык» курорт» ОАО-м зыщагъэхъужащ, я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъащ цIыху мин 42,9-м, 2020 гъэм къэкIуар мин 25-рэщ, пандемием и зэранкIэ. Ауэ мы гъэм ди хьэщIэхэр куэдщ, ахэр нэжэгужэщ, арэзыщ, жыджэру къалэм къыщакIухь.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**






Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.777 • Заказыр №1820

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщIредакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А